O'zbekistan Respublikasi' xali'q bilimlendiriw ministrligi

A'jiniyaz ati'ndag'i' No'kis ma'mleketlik pedagogikali'q instituti'

Qaraqalpaq tili ha'm a'debiyati' fakulteti

«Qaraqalpaq a'debiyati'» kafedrasi'

Qaraqalpaq tili ha'm a'debiyati' ta'lim bag'dari'ni'n' 4[b] – kurs talabasi' Shırazova Maxsuda Jeńısbay qızı

Temasi': **Qirq qiz dástanın pedagogikaliq texnologiyada oqitiwdiń usılları**

**PITKERIW QA'NIGELIK JUMI'SI'**

Ilimiy basshi' F.I.K dotsent C. Kazaxbaev

Kafedra basli'g'i' F.I.K prof. K. Allambergenov

**No'kis-2019**

**Jaqlawǵa ruxsat berildi:**

**Fakultet dekanı:** **F.I.K dotsent B.Dáwletov**

**Kafedra baslıǵı:** **F.I.D prof. K. Allambergenov**

**Ilimiy basshı:** **F.I.K dotsent C. Kazaxbaev**

**PITKERIW QÁNIGELIK JUMISIN ORINLAWSHI**

Shırazova Maxsuda

Mámleketlik attestattsiya

Komissiyasınıń qararı:

Shırazova Maxsudanıń « **ALPAMIS DÁSTANIN KÓRGIZBELI MATERIALLAR TIYKARINDA OQITIWDIŃ INAVATSION TEXNALOGIYASI** » atamasındaǵı pitkeriw qánigelik jumısi na «___» ball qoyılsın

MAK baslıǵı:______________________________________________

MAK aǵzaları: ______________________________________________

**Tema:** Alpamıs dástanın kórgizbeli materiallar tiykarında oqıtıwdıń inavatsion texnalogiyası

**I**

Jobası:

**1. Kirisiw**

**I BAP** Alpamıs dástanın 7 – klasslarda oqıtıwdıń metodikası

**II BAP** Alpamıs dástanın korgizbeli materiallar tiykarında oqıtıwdıń inavatsion texnalogiyası

**IV JUWMAQ**

**V Paydalanılǵan ádebiyatlar**

# KİRİSİW

**Temaniń aktualliği:** Qaraqalpaq xalqınıń awızeki ádebiyatı kóp salalı bay miyraslardan yesaplanadı. Solardıń ishinde kólemli hám mazmunlı túrleri qaharmanlıq dástanlar. Bul dóretpelerde yel qorǵaw teması baslı worın iyeleydi. Usı tema arqalı sırtqı basqınshılarǵa qarsı jan ayamay gúresiw, olardan wóziniń tuwǵan xalqın, yel-jurtın qorǵawdaǵı batırlardıń yerlikleri súwretlenedi. Qaharmanlıq dástanlar xalıqtıń azat, abadan turmısqa jetisiwdegi tilek-ármanın bildiredi. Bul dóretpeler xalqımızdıń wótmishi, mádeniyatı, salt-dástúri diniy inanımları menen tıǵız baylanısqan. Eposlardıń xalıqlıǵı da dóretpedegi usınday ármanlardıń xalıq dástúrlerinen, kúndelikli turmısınıń súwretleniwinen anıq kórinip turadı.

Qaraqalpaq xalqı dástanlıq dóretpelerge júdá bay. Bul dóretpeler - eń dáslep rus alımları İ.A.Belyaev, A.Divaevlar tárepinen jazıp («Alpamıs», «Qoblan», «Edige», «Er-Shora») alındı. Sońınan jergilikli ádebiyatshı alımlar h’ám folklor jankúyerleri jazıp ala basladı. Olardan Sh.Xoshniyazov, S.Máwlenov, A.Begimov, Á.Shamuratov, Q.Ayımbetov, N.Japaqov, Q.Maqsetov h’ám taǵı basqalardı aytıp wótiwge boladı. Xalıq yeposları, sonıń ishinde qaharmanlıq dástanlar qaraqalpaq folkloristikasında N.Dáwqaraev, Q.Ayımbetov, İ.Saǵıytov, Q.Maqsetov, J.Xoshniyazov, S.Bahadırova, K.Allambergenov h’ám t.b. ilimpazlar tárepinen izertlendi. İzertlewlerde qaharmanlıq dástanlardıń jıynalıwı, baspa júzinde járiyalanıwınan baslap, bul yepikalıq dóretpelerdiń ideyalıq baǵıtı, xalıqlıǵı, wobrazlar analizi h’ám kórkemlik wózgeshelikleri qarastırıldı.

Sonday-aq qaharmanlıq dástanlardıń dáwirlerge bóliniwi, h’ár bir dóretpeniń qaysı ásirlerde payda bolǵanı belgilenip wótildi. Ásirese, ilimpaz İ.Saǵıytov h’ám Q.Maqsetovlar tárepinen ulıwma barlıq dástanlardıń klassifikatsiyası islendi. Olardıń tariyx penen, xalqımızdıń mádeniyatı menen baylanısı sóz yetilip alımlar tárepinen joqarı bahalandı. Folklorist

Q.Ayımbetov wóz miynetlerinde «Qaharmanlıq dástanlar kóshpeli dáwir, ruwlıq qatnas, xalıqtıń kún kórisinen bay maǵlıwmat beredi»[1], -dep aytadı. Wol Erpolat jırawdıń «Edige», Ógiz jırawdıń «Qoblan», Qıyas jırawdıń «Máspatsha» Qurbanbay jırawdıń repertuarı h'aqqında sóz yetedi. Olardıń tariyxıy, ideyalıq, kórkemlik bahalılıǵı h'aqqında pikir júrgizedi. İlimpaz N.Dáwqaraevtıń kórsetiwinshe «Qaraqalpaq xalqınıń yeposlıq shıǵarmalarınıń qay-qaysısın alsań da wonıń mazmunınıń qaraqalpaq xalqınıń yamasa wonıń sostavına kirgen yetnik qáwimlerdiń basınan wótken siyasiy-tariyxıy jaǵdayınıń izin kóriwge boladı»[2].

İlimpaz dástanlardı salıstırıp izertlew máselesine de ayrıqsha kewil bóldi. Sonıń menen birge «Qoblan», «Alpamıs», «Qırıq qız» dástanlarınıń qaysı dáwirde payda bolǵanlıǵı, bul dóretpelerdegi qaharman wobrazları ideyalıq baǵıtı ashıp beriledi. İlimpaz N.Dáwqaraev «Qırıq qız» dástanınıń payda bolıwında «onıń tiykarǵı nusqası woǵada yerte zamanlarda jarıqqa shıqqan. Poemada gezlesetuǵın kóp jaǵdaylar, wonıń greklerdiń mifologiyasında gezlesetuǵın jawınger qızlar-amazonkalar menen ushlasatuǵınlıǵın» aytadı. Bul izertlewlerden soń İ.Saǵıytovtıń «Qaraqalpaq xalqınıń qaharmanlıq yeposı» miynetinen atap wótken orınlı. İlimpaz wóz miynetinde qaharmanlıq dástanlardıń tariyxıy tipologiyalıq salıstırılıwı qaraqalpaq folkloristikasında birinshi ret qolǵa alınıp atırǵanlıǵın aytadı. Bul jumıs usı tárepleri menen de bahalanadı. Bunda «Alpamıs», «Qoblan» dástanlarınıń qaraqalpaqsha variantları, qazaqsha, ózbekshe t.b. túrki xalıqlar versiyaları menen salıstırılıp wótiledi. Bunnan keyin dástanlardıń ideyası, wobrazları kórkemlik wózgesheligi keń planda analizlenedi. Sonıń menen birge alım «Alpamıs», «Qoblan», «Qırıq qız» dástanlarınıń dáwiri máselesine de ayrıqsha toqtap ótedi. Qaharmanlıq dástanlardı keńnen izertlew júrgiziwde folklorist Q.Maqsetovtıń miyneti úlken. Alımnıń «Alpamıs», «Qoblan»,

[1] Aımbetov Q. Xalıq danalıg'ı. –No'kis.` 1968. 108-110-betler.
[2] Dawqaraev N. Shıg'armalarının' tolıq jıynag'ı. II tom. –No'kis.` 1977. 190-bet.

«Qırıq qız», «Edige» t.b. dástanlarǵa júrgizgen izertlewi, olardıń jazıp alınıwı, variantları, atqarıwshıları, dástanlardıń ideya-tematikası, wobrazları, syujetlik, kompozitsiyalıq qurılısı táreplerin analizlewin ayrıqsha atap wótiwge boladı. Usınday izertlewler menen birge J.Xoshniyazovtıń «Alpamıs» dástanı h'aqqındaǵı tariyxıy yetnografiyalıq izertlewi, K.Allambergenovtıń «Qaraqalpaq xalıq dástanı «Edige» atlı monografiyaları úlken keń baǵıttaǵı arnawlı ilimiy miynetlerden yesaplanadı.

Qaraqalpaq folkloristikasında qaharmanlıq dástanlardıń izertleniwi boyınsha kórip wótkenimizdey bir qansha iygilikli jumıslar islengen. Bularǵa qosımsha yele izertlenbey, tıń tárepleri ashılmay atırǵanları ilimde kóp dep woylaymız. Qaharmanlıq dástanlardıń izertleniwinde ideyalıq-tematikalıq baǵıtı, syujeti, kompozitsiyalıq qurılısı, kórkemlik wózgeshelikleri kóbirek analiz islenip izertlengen.

Qaharmanlıq dástanlar xalqımızdıń tariyxınan úlken worın iyeleydi. xalqımız qaharmanlıq dástanlardıń yerte dáwirde payda bolǵan ájayıp úlgilerinen baslap, sońǵı dáwirlerde dórelgen iri túrlerine deyin joqarı bahalap, mádeniy miyras retinde saqlap keldi.

Qaharmanlıq dástanlar wóziniń payda bolıw tariyxında ideyalıq jáne kórkemlik tárepinen yelenip, jetilisiwde boldı. Bul dóretpeler xalıqtıń h'ár dáwirde jasaǵan yerliklerin súwretlew arqalı keńeyip wotırdı. Hár bir tariyxıy dáwirde, xalıqtıń basına túsken qıyınshılıqlarda úlken yerlik kórsetip, Watanına, yeli-jurtına ǵamxor bolǵan batırlardı xalıq usınday dástanlıq dóretpeler menen yadında saqlap kelgen. Olardıń batırlıq mártlik wobrazın, yerlik kelbetin jasaǵan. Mine usınday bahalı miyraslardan «Alpamıs», «Qoblan», «Er-Ziywar» t.b. dástanlardı atap kórsetiwge boladı.

Álbette, qaharmanlıq dástanlar jeke batırlardıń ǵana yel qorǵawdaǵı, xalıqqa xızmet yetiwdegi yerliklerin súwretlep qoyǵan joq. Bunda jeke wobrazlar arqalı pútkil xalıqtıń tulǵasın, yerlik isin, tawsılmas kúsh-quwatın súwretleydi. «Alpamıs», «Qoblan», «Er-Ziywar» dástanlarınıń yeń negizgi

ideyası xalıqtıń yel qorǵaw tileginen kelip shıqqan. Bul ideya atap wótilgen dástanlardaǵı qaharmanlardıń is-h'áreketlerin bayanlaw arqalı ashıladı. Usıǵan baylanıslı dástan sırtqı basqınshılarǵa jan ayamay gúresken, h'adal xızmet atqarǵan, dushpanın jeńgen batırdı kórsetedi. Woǵan qosımsha wopalı yar, aynımas sadıq doslardı súwretleydi. Sonıń menen qatar, dástanda kópshilikten jeke basınıń mashqalasın joqarı qoyatuǵın zulım, jawız basqınshılar wobrazı súwretlenedi. Qaharmanlıq dástanlardıń usınday ideyalıq baǵıtınıń júzege keliwi, wobrazlardıń jasalıwında xalıqtıń túrli turmıs kartinaları, tolıp atırǵan dástúrleri, diniy inanımları kompozitsiyalıq tárepten jemisli paydalanılǵan. Bulardan xalıqtıń salt-dástúr jırlarınıń kompozitsiyalıq jaqtan paydalanılıwında olardıń baslı ideyaǵa, qaharman wobrazlarına baylanıslı, kompozitsiyalıq wornı ilimiy kóz-qarastan qarastırılıwı kerek. Bul arqalı salt-dástúr jırlarınıń tekstte wóz wornına iye yekenligin, bulardıń syujetlik yepizodlarınıń biri bolıp xızmet atqarıwın h'ám wobrazlılıqqa tikkeley baylanıslılıǵın anıqlawǵa boladı. Jáne salt-dástúr jırlarınıń dástanlarda yerte dáwirdegi ájayıp kórkem úlgileri ushırasadı. Bulardıń barlıǵı xalqımızdıń bay mádeniyatqa iye yekenligin kórsetedi.

Qaraqalpaq xalqı wóziniń barlıq wómiriniń quwanıshın, qapashılıǵın salt-dástúr jırları arqalı da bayanlaǵan. Bularǵa baylanıslı bay salt-dástúr jırların dóretken. Usı dáwirge shekem atadan-balaǵa, awızdan-awızǵa wótip kelgen xalqımızdıń bay ǵáziyneleri bolǵan salt-dástúrleri xalıq awzınan folklorist jankúyerleri tárepinen jıynaldı.

Qaraqalpaq xalqı yeskiden kiyatırǵan wóziniń salt-dástúr jırlarına iye. Xalıq ishinde atanıń, balanıń qanday da bir uzaq saparlarǵa jol alıp ketiwi, bolmasa jawıngerlikke talap júzinde jolǵa atlanıwı t.b.larǵa baylanıslı saparlarǵa shıǵıw aldında ata-anası, zayıbı, perzentleri, dos-yaranları, xalqı menen xoshlasıp ketken. Usınday jaǵdaylardan dástúrli xoshlasıw qosıqları júzege kelip wotırdı. Bunda kindik qanı tamǵan ata-mákanǵa, ata-ana,

tuwısqanlarına, dos-yaranı, xalqına degen muh’abbatı, woǵan degen súyispenshiligi, ana topıraǵın qıymaytuǵınlıǵı kórinip turadı.

Salt-dástúr jırlarınıń bir qatar túrleri toyǵa baylanıslı qosıqlar. Toydaǵı «toy baslaw», «h’áwjar» (yar-yar, jar-jar), «sıńsıw», «betashar» sıyaqlı túrleri aytıladı. Mine usınday salt qosıqları súwretlengen turmıslıq kórinislerde keńnen worın aladı. Bunday xalqımızdıń salt-dástúr qosıqlarınıń qollanılıwın biz, «Alpamıs», «Qoblan», «Er-Ziywar» dástanları mısalında kórip wótemiz. Olardıń kompozitsiyalıq wornın belgilep, wobrazlarǵa, tiykarǵı ideyaǵa baylanısın anıqlaymız.

**Jumıstıń maqseti hám wazıypaları:** Pitkeriw qániygelik jumısınıń maqseti sonnan ibarat, Ǵárezsizlikkek yeriskennen keyin biziń qádiriyatlarımızdıń qaytadan tikleniwiniń nátiyjesinde úlken tabıslarǵa yeriskenlikleriniń tiykarǵı dereklerinen ádebiyat hám wonı woqıtıwda da aldımızǵa úlken ádiwli talaplar qoyıldı. Biziń wazıypamız usı talaplardı ulıwma bilim beretuǵın mekteplerde qaraqalpaq folklorı menen qaraqalpaq ádebiyatın jańa kóz qarastan yeń aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyalarda woqıtıw boyınsha jańa usıllardan paydalanıw jolların bayanlawdan ibarat.

**Jumıstıń teoriyalıq hám metodikalıq tiykarları:** Prezidentimiz İ.A.Karimovtıń miynetleri hám ruwxıylıq mádeniyatımız, manaviyatımızdı qáliplestiriwdegi miynetleri, ádebiyat ádebiyat haqqındaǵı jańa woy-pikirleri biziń jumısımızdıń baslı metodologiyalıq tiykarı bolıp tabıladı. Jumıstıń teoriyalıq tiykarları retinde kórkem ádebiyattıń teoriyası boyınsha salmaqlı úles qosqan, ilimiy miynetleri menen belgili bolǵan N.Dáwqaraev, Q.Ayımbetov, Á.Tájimuratov, Á.Paxratdinov, K.Allambergenov, S.Kazakbaev hám taǵı basqada ilimpazlardıń jumıslarınan alındı.

**Jumıstıń ámeliy áhmiyeti:** Ulıwma bilim beretuǵın mekteplerdiń woqıw baǵdarlamasına tiykarlanıp qaraqalpaq ádebiyatın woqıtıwdıń aktual máselelerin yesapqa alǵan jaǵdayda jańa pedagogikalıq texnologiyada woqıtıwdıń ’ bir qansha úlgilerin mısal sıpatında kórsetip berilgen. Bul

keleshekte mektep muǵallimleri ushın metodikalıq qollanba sıpatında úlgi boladı dep yesaplaymız.

**Pitkeriw qániygelik jumısınıń qurılısı:** Jumıstıń qurılısı úsh baptan hám juwmaq penen paydalanǵan ádebiyatlardan ibarat.

## I BAP. ALPAMIS DÁSTANIN 7-KLASSLARDA OQITIWDIŃ METODIKASI

Salt-dástúr jırları dep xalıqtıń saltı dep dástúri menen baylanıslı qosıq jırlardı aytamız. Wol wótkendegi xalıq wómiriniń sáwlesi h’ám dúnyaǵa kóz-qarası.

Salt-dástúr jırlarınan bir túri kelin túsirgende, qız uzatqandaǵı h’áwjár, toy baslaw, bet ashar jırları bolıp ataladı[3].

[3] Ayımbetov M. Xalıq danalıg’ı. –No’kis. 1988. 13-bet

Álbette, jaqsı niyet penen toy baslaǵanda saz-sáwbet penen jas h'ám jası úlkenler waqtın xoshlap kewil-keypiyatın kótergen. Háwjar bul toy baslaw qosıǵı bolıp, qız-jigitler birge aytqan. Qosıqlardıń qurılısında aqıl-násiyatlar da worın alǵan. Toy qosıqların aytıp júrgen arnawlı adamlar da bolǵan, olar bar sheberlegin, sheshenligin, dilwarlıǵın iske salıp toy berip atırǵan iyeleriniń jaqsı pazıyletlerin xalıqqa maqtap jetkerip olardıń kewlin alıp wotırǵan. Qaraqalpaq awızeki dóretpeleriniń yeń úlken janrlarınıń biri bolǵan dástanlarda da toy beriw toy kórinisleri ayrıqsha worındı iyeleydi. Dástandaǵı toy kórinisleriniń beriliw payıtında da h'áwjar aytqan qız-jigitlerdiń kewil-keypi júdá joqarı bolıp wotıratuǵınlıǵı jırawlarımız sheberlik penen táriplegen. Bunday kórinisler xalıq dástanlarınıń biri bolǵan «Alpamıs» ta da ushırasadı. «Alpamıs» dástanında Gúlshin menen Qultaydıń h'áwjar aytısıwı xalıq dástúrleriniń jaqsı úlgilerinen bolıp yesaplanadı. Dástanlardaǵı waqıyalardıń xalıqqa qızıqlı yetip jetip barıwında toy kórinisinde tutqan wornı ayrıqsha.

Eposlıq dóretpeler tek wonıń ideyalıq mazmunı menen ǵana yemes, al kórkemlik forması menen de bahalanadı. «Alpamıs» dástanında bastan ayaǵına xalıqtıń turmıs kórinisleri kórkem túrde kórsetilgen. Bunday turmıslıq kórinislerdiń biri toy. Toy dástanda qaharmanlarǵa tikkeley baylanıslı h'alda beriledi. Sonıń menen birge syujetlik mazmunın yepizodlıq quramın qurap turadı.

Dástanda toyǵa baylanıslı salt-dástúr qosıqlarınıń ájayıp úlgileri bar. Qaraqalpaq xalqı yerteden kiyatırǵan qız uzatıw, kelin túsiriwge baylanıslı salt-dástúr qosıqlarına iye. Olar toy baslaw, h'áwjar (yar-yar, jar-jar), sıńsıw, bet ashar. Mine usınday salt-dástúr qosıqları dástan kompozitsiyasında waqıyalardıń rawajlanıwında áh'miyetli worın iyeleydi. Tiykarınan toy máresimine baylanıslı salt-dástúrlerinen toy baslaw yeń dáslep aytılatuǵın qosıqlardan yesaplanadı. Toy baslaw jırın uqıbı bar, qosıq aytıwǵa talantı bar adamlar atqaradı. Bunı ádette jeke atqarıwshılar shıǵarǵan solar aytatuǵın

bolǵan. Dáslep usınday baqsı atqarıwshılar shıǵarǵanı menen keyninen yelge awızsha tarap kópshilik yel-jurt yadlap aytatuǵın bolǵan. Toy baslaw qosıǵınıń tiykarǵı maqseti úy iyelelerine qutlı bolsın aytıw, jaqsı tilek bildiriw, toyǵa jıyılǵan xalıqtıń kewlin kóteriwden ibarat.

«Alpamıs» dástanında Ultan qul Alpamıstı Qalmaq jurtında qaza taptı, yendi kelmeydi degen sóz taratıp, Barshınǵa úylenbekshi boladı. Solay yetip úlken toy beredi. Toy arqalı jıraw h'aqıyqıy turmıs kartinasın, toydaǵı xalıqlıq dástúrlerdi kóz aldına yeleslegendey dárejede júdá kórkem súwretleydi. Toyda kóp qızlardıń ishinde wotırıp, Gúlshin toy baslań, dep kópshilikke mirát taslaydı. Gúlshin shorınıń tili shúljiń, wózi tutlıqparaq boladı. Jıraw bul yepizodtı yumorlıq planda dúziw maqsetinde usılay islegen. Ekinshi tárepinen dástannıń unamlı qaharmanlarına qarama-qarsı tárepti kemsitiw, olardıń unamsız wobrazın jasaw ushın da usılay jobalastırǵan.

Mısalı:

Appaq múyiz aq siykem jol baslaydı.
Annan-sonnan ayaǵın biy taslaydı,
To-to bashlasań boyma, júwmeymekley,
Toyǵa kelgen qız bala toy baslaydı.

Qız degen toyǵa kelse woynap kúley,
Ashna-yay dosı kelgende kádiy biley,
To-to bashlasań boyma, júwmeymekley,
Ultan xan aǵań bolsa woyamal beyey.

Toyǵa kelgen qıjlaydıń, jeńgesi boy,

Tosh bashlasań boyma qıyılǵıylay,
Quyı woyamay demeymiz teńgesi boy,
Men bilmeymen toyınıń yenekeshin[4].

Usılayınsha Gúlshin toy baslaw aytıp toy baslaydı. Wol sóziniń sońında meniń menen h'áwjar aytısıwǵa kim bar dep mirát yetedi. Háwjar uzatılatuǵın qızdıń toyında toy baslawdan keyin aytılatuǵın salt-dástúr qosıqlarınıń biri. Bunı yar-yar, jır-jır dep aytıwlar da ushırasadı. Bunda toyǵa jıynalǵanlar yeki tárep bolıp aytıs túrde worınlaydı. Bir tárepi qızlar, bir tárepi jigitler boladı. Yamasa qız alıwshı tárep h'ám qız beriwshi tárep bolıp qudalar yekige bólinip aytısqa túsedi. Sózde h'ár qashan da jigitler tárepiniń xosh-h'awaz, baqsıshılıǵı bar birewi, bolmasa h'áwjardıń xalıqa málim túrin yadlap alǵan qosıǵın biletuǵın adam baslaydı. Wol bir awız qosıq aytadı, woǵan juwaptı qızlar tárep qaytaradı. Usılay gezeklesip sóylesiw reti menen aytıs ilgeriley beredi. Háwjardıń baslı tematikalıq baǵıtı negizgi mazmunı uzatılatuǵın qız wonıń jańa jerge jat jurtqa baratırǵanın bildiredi.

Bunıń menen qatar qızdıń jańa jerde jaqsı turmıs qurıwı bala-shaǵalı baxıtlı bolıwına jaqsı tilekler aytıladı. Sóz yetilip wotırǵan dástandaǵı Gúlshinniń h'áwjar qosıǵı wózgeshe baǵıtta beriledi. Bunda h'áwjardıń qız-jigitler aytısındaǵı túri qollanılǵan. Háwjar ádette uzatılatuǵın qızdıń toyında ǵana aytılıp qoymay, sonıń menen birge wol qız-jigitlerdiń bas qosqan woyın-zawıq keshelerinde de qollanılǵan. Bunday jaǵdayda qaraqalpaq awız ádebiyatınıń aytıs qosıqları túrinde paydalanılǵan. Aytıs túrindegi h'áwjarda kóbirek basqılaw, yumor-satira jiyi qollanıladı. Gúlshin menen Qultaydıń h'áwjar qosıǵı tap usınday aytıs túrinde yumor-satiralıq baǵıtta beriledi. Dástanda Gúlshin h'ám Qultay baba tárepinen worınlanadı. Haqıyqatında toyǵa Qultaydıń gúpisin, góne soppasın kiyip wózin tanıtpay baba bolıp

[4]Qaraqalpaq folklorı. (Alpamıs). O'giz jıraw variantı. VII tom. –No'kis. 1981. 202-bet.

kelgen Alpamıstıń wózi boladı. Dástanda Alpamıs aytısqa túsedi. Gúlshin Ultay baba tárepinen, Qultay baba Barshın tárepinen turıp sóz aytadı. Tiykarında h'áwjar ájayıp yumor-satiraǵa iye dástúrli qosıq. Bunda Ultan tárepinen sóz aytıp turǵan Gúlshindi Qultay baba ashshı satiraǵa aladı. Wonıń teńlesi sıpatında basqılaydı. Jıraw bunday súwretlew arqalı unamsız personajlardıń (Ultan) is-h'áreketleriniń nadurıslıǵın tastıyıqlaw menen olardı kúlkige aladı. Bir mısal keltirip wóteyik:

Qultay: -Ayta degennen aytaman áwel ayım,
Alǵan qarap quba ingen shólge qayım,
Tartıp sóyle tilińdi saqaw Gúlshin,
Úy sırtına kelip tur Qultay bayıń.

Gúlshin: -Óz jóninde júyey metoydan qaytqan,
Toydan qaytqan jigitley sıynay taytqan,
Háwjay aytıp, toy bashlap wotıyǵanda,
Kim boladı jıǵında atımdı aytqan.[5]

Mine usılay h'áwjar aytısıp Qultay Gúlshin Shorını sózden jeńip shıǵadı. Kórip wótkenimizdey dástanda toy baslaw, h'áwjar sıyaqlı salt-dástúr qosıqlarınıń kórkem yumor-satiraǵa tolı úlgileri bar. Xalıq dástúri boyınsha toy baslawshınıń jáne bir shártleri – qosıq penen «jarshılıq» xızmetin atqarıw. Wonı toy baslaw qosıǵın aytıwshı menen qatar, geyde arnawlı jarshılar da bolǵan. Kópshilik jaǵdayda arnawlı jarshılar jar salıp qosıq aytqan. Olar: toydıń tártibin, yendigi jerde qanday woyın-zawıq, qızıqlar (at jarısı, palwanlar gúresi, jıraw-baqsılar wornı t.b.) bolatuǵınlıǵın, toy iyesiniń yamasa basqalardıń járiyalaytuǵın qanday sózleri barlıǵın xabarlap wotırǵan.

[5] Qaraqalpaq folklorı. (Alpamıs). O'giz jıraw variantı. VII tom. –No'kis. 1981. 202-bet.

Dástanda «Áne sol waqıtta tórt jarshı tórt jaqtan qıyqıysalıp kiyatır» dep súwretlenedi:

Toyǵa kelgen toyshılar,
Ultan xannıń toyı bar,
Altın qabaq attırıp,
Tamasha berer woyı bar.
Mergen bolsań barasań
Talapker bolsań barasań.
Tamashagóy bolsań barasań.
Hár Kim atıp túsirse,
Jaǵası altın, jeńi zer,
Qara tondı kiyeseń.
Mergen bolsań bara Ber,
Altın qabaq tikleydi,
Altın qabaq atasań.[6]

Jıraw bunday kórinislerdi súwretlew menen xalıqtıń real turmısındaǵı jaǵdaylardı kórsetedi. Bul salt-dástúrlerdi tikkeley tiykarǵı syujetlik waqıyaǵa baylanıstıradı. Yaǵnıy, Qultay h’áwjar aytıp toyǵa aralasadı. Soń Ultannıń aldına barıp wózi de altın qabaq atpaqshı yekenligin aytadı. Usılayınsha waqıya quramalasıp baradı.

Dástan xalqımızdıń yeski salt-dástúrleriniń sulıw formaların búgingi kúnge alıp keldi. Salt-dástúr qosıqları dástanda ápiwayı ǵana qollanılıp qoymay, olar h’ár bir qaharmannıń wobrazına baylanısadı. Belgili ilimpaz İ.T.Saǵıytov: «Alpamıs»tıń kompozitsiyası, wondaǵı waqıyalardıń birden-birge shiyelenisip rawajlanıwı, h’ár bir waqıyanıń dálilleniwi sheber qurılǵan.

[6] Qaraqalpaq folklorı. (Alpamıs). O’giz jıraw variantı. VII tom. –No’kis. 1981. 204-bet.

Dástandaǵı h'ár bir personaj wobrazı belgili ideyanı bildiriw menen qatar kompozitsiyalıq xızmet atqaradı»,[7] -dep kórsetedi.

Folklorist Q.Maqsetov «Alpamıs» dástanında xalqımızdıń wótken dáwirdegi kún kórisi, úrip-ádetleri, dástúrleri, woyın-zawıqları keń súwretlenedi. Bulardıń h'ámmesi dástannıń ideyalıq baǵıtı, qaharmanlardıń wobrazları, dástannıń kórkemlik wózgeshelikleri menen worganikalıq baylanısta berilgen»,[8] -dep aytadı.

Haqıyqatında da, dástandaǵı h'ár bir personaj olardıń qatnasındaǵı turmıslıq kórinisler tiykarǵı waqıyanıń baylanısın keltirip shıǵarǵan. Sonıń menen birge dástannıń xalıqlıǵı, tereń ideyalılıǵı wonıń kórkemlik formaları arqalı da sıpatlanǵanlıǵın kóremiz.

Dástanda toy máresimine baylanıslı salt-dástúr qosıqlarınan sıńsıw qollanılǵan. Bul dástúr qosıǵı uzatılatuǵın qızdıń wóz úyinen atlanar mezgili jetken waqıyaǵa aytıladı. Qosıq uzatılatuǵın qızdıń wóziniń yel-jurtı menen, aǵa-ini, tuwısqanı, qurbı-qurdası, tuwıp-ósken jeri menen balalıq wómiri menen xoshlasıwı retinde shıǵarılǵan sıńsıw saltı boyınsha uzatılatuǵın qız wóziniń qurbı-qurdas dosların yertip awıl aralaydı. Hár qaysısı menen xoshlasadı. Uzatılıp baratırǵan qız sıńsıw arqalı tolı jurtqa wóziniń muńın, qayǵı-h'ásiretin ashıq aytadı. Al, yendi dástanda sıńsıw Barshın tárepinen aytılıwı waqıyaǵa mazmunlıq jaǵınan tuwrı kelmeydi. Sebebi, wol yele wóz yarı Alpamıstan úmitin úzbey wotırıp yedi. Jıraw bul yepizodta sıńsıw saltın qollanbay, wonıń wornında qaharmannıń muń-zarın ashıp beriwde h'áwjardı qollanǵan. Háwjar saltı da Shımıldıqtaǵı qız tárepinen aytılatuǵın qosıq. Basqa toy máresimine baylanıslı salt-dástúr qosıqları sıyaqlı h'áwjardıń túrli variantlrı boladı. Solay bolsa da qaysı bir úgit-násiyat sózler menen súwretlengen wórnek, jolınıń wózgesheliklerine qaramastan bul topardaǵı qosıqlardıń negizgi mazmunı, aytayın degen woyı bir nárse. Wol qaraqalpaq

[7] Sag'ıytov İ.T. Qaraqalpaq xalqının' qaqarmanlıq eposı. –No'kis.` 1986. 285-bet.
[8] Maqsetov Q. Qaraqalpaq xalqının' ko'rkem aqızeki do'retpeleri. –No'kis.` 1996. 240-bet.

h’ayal-qızlarınıń basındaǵı qayǵı h’ásireti, súygen, unatqan adamına qosıla almay qıynalǵan muń-zarı. Dástanda bul salt Barshınnıń tilinen aytıla wotırıp qaharmannıń wobrazına tikkeley baylanısadı. Barshın shımıldıq ishinde teksiz qulǵa sultan basım xor bolatuǵın boldım-aw,-dep wóz basın wózi julqılap wotıradı. Wol h’áwjar aytıp zar jılaydı.

-Zer kóylektiń yetegin, ilerme yeken yar-yar,
Qádirimdi teksiz qul biler me yeken, yar-yar,
Qor qılma bunday qulǵa sultan, basım,
Janımdı alsań qayılman párwardigar yar-yar.

Qádirimdi teksiz qul biler me yeken,
Dos jılasa, dushpanlar kúler me yeken,
Qor qılma teksiz qulǵa sultan basım,
Atası Jádigerdiń keler me yeken yar-yar.[1]

–dep Barshın wóziniń ishki sherin tolǵaydı. Bul zar qanshama ashshı, ayanıshlı. Jıraw usınday turmıslıq yepizodta qaharmannıń wobrazın ashıwda wonıń ishki sezimlerin bul salt qosıǵı arqalı personaj tilinen beredi.

İlimpaz İ.Saǵitov ″Alpamıs″ dástanınıń wobrazına talqılaw isley wotırıp, ″Gúlparshın wobrazı yepostı dóretiwshiler tárepinen yeski waqıttaǵı kóshpeli túrk qáwimleriniń yerkin dástúrleri tiykarında dúzilgen″,[2]- dep kórsetedi. Biz sóz yetip wotırǵan salt qosıqları bunıń ayqın dáliyli bola aladı. Dástanda Barshınnıń aytqan h’áwjar qosıǵın Qultay bolıp gúpi, soppa kiygen Alpamıs yesitedi. Wol úy sırtında turıp bılay deydi:

″Qultay″ (Alpamıs):

- Ayt degennen aytaman Gúlparshınım,
Mına sózdiń mánisin bil Barshınım,

[1] Conda, 210 -,bet.
[2] Sag’ıytov İ.T. Qaraqalpaq xalqının’ qah’armanlıq eposı. -No’kis.: 1963. 269-bet

Bayım wólip, jeti jıl tul boldım, dep,
Ultan qulǵa tiygenshe wól Barshınım.

Barshın:

-Qudayım basqa salǵan bir dawaǵa,
Batır gezer shóllerge at shappaǵa,
Tiyeyin dep júrmedim teksiz qulǵa,
Dushpan bolıp sóyleme, jan qaynaǵa![1]

Mine bul qatarlarda qaharmanlardıń ishki sezimleri, saǵınıshı, ásirese, bir-birine bolǵan sadıqlıǵı ayqınlay túsedi. Jáne bir mısal keltirip wóteyik.

″Qultay″ (Alpamıs):

- Seyis gezer jollarda atın tartıp,
Táwiplerdiń qolında múyiz qartıq,
Baysırasań maǵan tiy, kelin balam,
Quldan-quldıń niyeri bolar artıq, yar-yar.

Barshın:

-Men bilmedim qalmaqtıń alısın-aw,
Usı kúnleri kelip júr namısım-aw,
Kórer kúnler bar ma yeken jalǵanshıda.
Ańlap turman sultanım dawısınan yar-yar.

Barshın usınday úy sırtında h’áwjar aytıp turǵan Alpamıstı dawısınan tanıydı. Eki birdey ashıq boz wordada duslasıp, tabısadı. Jıraw usınday salt qosıǵı arqalı waqıyanı rawajlandırıp, olardıń wobrazın ashıwda da úlken áh’miyetli worın tutadı. Yaǵnıy, keltirilgen mısallarda biz Barshınnıń yarına bolǵan saǵınıshın, sadıqlıǵın anıq kóre alamız. Gólparshın wobrazı xalıqqa ideal bolǵan h’ayaldıń wobrazı. Wol yerkinlikti súyiwshi, aqıl-parasatlı, wóz urıwına, xalqına sadıq, wóziniń súygen adamına shın berilgen h’ayaldıń h’ám ǵamxor, miyirban ananıń wobrazı. Dástanda qollanılǵan h’áwjar arqalı

[1] Qaraqalpaq folklorı. Alpamıs. VII tom. -No’kis.: 1981.

Barshınnıń Alpamıstay batırǵa teń yekenligi, wómirlik joldas bolıwǵa múnásip yekenligi sóz yetiledi. Gúlparshın tek wóziniń ata tegi, sulıwlıǵı, kúshi jaǵınan ǵana yemes, bálki wóziniń dúnyaǵa kóz-qarası, aqıl parasatı, woy-pikiri jaǵınan da Alpamısqa teń yekenligi kórsetiledi.

Alpamıs dástanın ideyalıq kórkemlik wózgesheligin woqıtıwda Alpamıs dástanın wótiwge úsh saat waqıt berilgen úsh saat ishinde dástandı woqıwshılarǵa túsindiriw procesinde tómendegidey jumıs túrlerin islew múmkin. Shiǵarmanı woqıw, awızsha mazmunın sóylew, joba dúziw, jazba jumısın wótkeriw hám t.b.

Dáslepki saatta dástannıń xalıq awız yeki tvorchestvosıekenligi woqıshılarǵa túsindiriledi. Wonı muǵallim xalıq awız yeki tvorchestvosiniń túrlerinen yertek, naqıl – maqal, jumbaq jańıtpash, xalıq qosıqların jáne yeske túsiriw arqalı, máselen burın wótilgen materiallar yaǵniy klassta bizler qanday yertekti woqıp úyrengen yedik. – degenge usaǵan mayda sorawlar beriw arqalı yeske túsiredi. Woqıwshilardıń bilimin sınap kórgennen keyin jańa material Alpamıs dástanı boyınsha maǵlıwmat beriledi. Dáslepki saatta dástannıń ideyalıq mazmunı menen wonıń sóz yetken temasına toqtalıwı kerek. Muǵallim dáslep kiris sóz arqali woqıwshilarǵa xalıq awız yeki tvorchestvosınıń bir túri dástan boyınsha túsinik beredi. Dástan dep nege aytamiz?- dep woqıwshılardıń názerin wózine awdarıw jolı menen bul

sorawǵa wóz túsinikli túrde annotaciya berip wótkeni durıs boladı. Dástan xalıq awız yeki tvorchestvosınıń bir túri. Wonda qaraqalpaq xalqınıń belgili bir dáwirdegi tariyxıy siyasiy jaǵdayı, kún kórisi, basqa xalıqlar menen jasaǵan qarım-qatnası úrip – ádeti, dástúri, woyın zawqı qullasi barliq materiallıq hám ruwhıy wómiri súwretlenedi. Dástannıń mazmunı úlken bir waqıttı wóziniń ishine aladı. Wonda bir neshe yeldiń wómiri qaharmanlardıń basınan wótken úlken waqıyalar sóz yetiledi. Dástan waqıyasi xalıqtıń búlginshilikten qutqarǵan qaraqalpaqtiń márt jigiti Alpamısqa baǵıshlanǵan. Wollı kúshke iye batır, yer júrek aqıllı qaharman. Woylaǵan maqsetine jetiw ushın qıyın iske, qáwipli saparǵa jolǵa shıǵadı. Wonıń jolında qarsı kúshler, qıyanet yetiwshiler kóp ushırasadı. Biraq qısılǵanda woǵan qol ushın beretuǵin járdemlesetuǵın dosları kóp boladı.

Solay yetip, muǵallim birinshi saatta dástannıń ulıma mazmunın sóylep beredi hám úyde sabaqliq xrestomatiyada berilgen úzindini woqıp keliwdi tapsiradi. Kórkem shıǵarmanı woqıp úyretiwde tekstke joba dúziw yeń ámiyetli jumistıń biri bolıp yesaplanadı. Muǵallim testke joba dúzip alsa woqiwshilarǵa shıǵarmanıń teması menen mazmunın, ideyalıq – kórkemlik wózgesheligin túsiniwine imkaniyat jasaydı. «Alpamıs» dástanın úyreniw’ge baylanısli analitikalıq usılda (shıǵarma temasına qatnaslı bolǵan máseleniń bir tárepine tallaw jasaw) joba dúziwge boladı.

Analitikalıq joba – shıǵarmanıń mazmunın woqıshılardıń túsiniwi qıyın bolmaǵan waqıtta tekst tutas woqılǵannan keyin usı shıǵarmanıń mazmunınbaǵdarına qaray qospalı bólimlerge bólinip, hár qaysısına ılayıqlı atama qoyıladı hám hár bólim wóz ishine bir neshe bólimlerge bóliniw arqalı dúziledi.

Atap aytqanda

1. Alpamıstıń batırlıǵı
2. Gúlparshınıń dosları haqqinda
3.

4. Alpamıstıń qarajan menen alısıwı

5. Alpamıstıń atı haqqında

6. Alpamıstıń zindannan shıǵiwı haqqında h.t.b.

Bul tekst mazmunına qurılǵan ápiwayı túrdegi joba úlgisi.

Dástan boyınsha berilgen saat dástandaǵı bas qaharmanlardı, olardıń unamlı unamsız tárepin ayıra biliwge arnalǵanı durıs. Alpamıs dástanına berilgen sońǵi úshinshi saattı baǵdarlamada kórsetilgen giperbola, litota yamasa kórkemlew qurallarına da arnasada boladı kórkemligi atlı teoriyalıq maǵlıwmattı basshılıqqa aladı. Sol arqalı woqıwshilar tekst penen jumıs islewge tayarlanadı. Dástan boyınsha klassta usı jumıslar islengennen keyin jazba jumısın wótkeriwge boladı.  Bunı úyge tapsırıw múmkin. Muǵallim jumıstıń jobasın dúzip beriw kerek. Jazba jumisqa joba woqıwshılar menen birgelikte dúziledi. Alpamıs dástanı boyinsha jumıs islenbesten aldın muǵallim tómendegi jumıs túrlerine kewil bólgeni durıs

1. **Kirisiw**

2. **Tekstti woqıw**

3. **Alpamıs dástanı boyınsha baqsı – jırawlardıń atqarılıwındaǵı  magnit lentaları.**

4. **Sózlik jumısın júrgiziw**

5**. Woqıwshılarǵa woqıtıw**

6**. Dástannıń mazmunın sáyle**tıw

7. **Túsinbegen sorawlarına juwap qaytarıw h.t.b**.

Kirisiw jumısında qaraqalpaq xalqınıń wóziniń haqıyqıy dátanı basqa xalıqlarda ushıraspaǵan « Alpamıs» dástanı haqqında wózi yeńaldın woqıp tanısıp mazmunın kórkemlik wózgesheligin túsinip wózlestirip almasa woqıwshılarǵa túsindire almaydı.

Sonıń ushın dástan haqqinda jaqsi túsinikke iye bolıwı kerek.

Dástandı ilim – teoriyalıq ámeliy jaqtan izertlegen tariyxıy maǵlıwmatlardıayta kelip baqsı – jırawlardıń aytqan, «qırıq qız» dástanı

boyınsha plastinkalar, kasetalar, disketlerden paydalanıw hám woqıwshılarǵa yesittirip tıńlatıw.

Sózlik jumısında woqıwshılar túsinbegen dástandaǵi sózlerdiń mánisintúsindiriw. Keyin ala tekstten úzindilerdi woqıwshılarǵa woqıtıw, woqıwshıdan wózi woqıǵan úzindiniń mazmunın soraydıyaki bolmasa sol úzindiniń mánisin yekinshi bir tıńlawshı woqıwshı sóylep beredi. Bul jumıslar tolıq worınlanıp bolǵannan keyin muǵallim qosiq boyınsha woqıwshılardıń pikirlerin birge jerge jıynap juwmaqlaydı.

Alpamıs dástanı boyınsha mazmunın usı úlgide túsindirilip bolǵannan keyin úyge tómendegi tapsirma beriledi.

1.Alpamıs dástanın woqıp wondaǵı qatnasıwshı qaharmanlardıń wobrazların aytıp beriw.

2. Dástandaǵı qaharmanlardıń háreketlerine sen qalay qaraysań.

3. Alpamıs hám Gulparshınnıń tapqırlıǵı menen yerligin dálillep beriń.

4. Watanǵa sadıqlıq degende neni túsinesiz h.t.b.

Muǵallim dástandıwoqıp úyreniwi arqalı woqiwshılarǵa ádebiy – teoriyalıq bilimdi túsindiredi. Usı arqalı ǵana woqıwshı kórkem shıǵarmanıń teması menen ideyası, syujet penen kompozitsiya, wobrazlar birligi hám t.b. haqqında túsinikti qáliplestiredi.

Ulıma worta bilim beretiǵın qaraqalpaq mektepleriniń VII – klasslarda qaraqalpaq xalqın dástanların wótiw máseleleri búgigi ádebiy janrlarda wótiwne qaraǵanda basqasharaq boladı.

**Birinshiden.** Qaraqalpaq xalıq dástanları haqqında qaraqalpaq ádebiyatı muǵalliminiń kiris sózi boliwı kerek. Dástandı woqımasınan aldın dástannıń dóreliwitariyxı, wonıń awızeki xalıq tvorchestvosın úlken bir túri yekenligin bunday dástanlıq shıǵarmalarǵa qaraqalpaq xalqınıń bay yekenlikleri, xalqımızda Alpamıs dástanlıq shıǵarmalardıń bar yekenligi woqıwshılarǵa sóylep beriw kerek. Ilajı bolsa, usı dástanlardıń geyparaların kórsetkende jaqsı boladı. Wonnan keyin barın muǵallimi qaraqalpaq xalıq

awız yeki dóretpelerinen tariyxiy haqıyqatlıqtı talap yetiletuǵınların haqqında sóylep beriw kerek.

**Yekinshiden.** Qaraqalpaq ádebiyatın muǵallim búgin Alpamıs dástanın wótiwi tiyisli dep yesaplanıwın Alpamıs dástanın yeń awele qaraqalpaq ádebiystı muǵalliminiń wózi woqıtıp kórsetiwi kerek. Muǵallim múmkinshiligi bolǵansha jay kórkem qılıp woqıw kerek. Usı waqıtta texnikalıq qurallardıń járdemi menen dástanlardıń jırawları menen de, baqsılar menen de atqarılatuǵınlıqları kórsetiw kerek.

**Ushinshiden.** Qaraqalpaq – ádebiyatınıń muǵallimi dástandı yendi woqıwshılardıń wózlerine woqıtıw kerek.

Dástandı woqıw wonın atqarılatuǵın moneraların saqlaw kerek. Dástan – dástanday bolıp woqılıwı kerek. Dástandı woqıwshılarǵa  woqıtqanda olardı baplarǵa, bólimlerge bólip woqıtıw kerek.

**Tórtinshiden.** Dástandı woqıp bolǵannan keyin woqıwshılar yendi wonıń idealıq talqısına ótedi. Alpamıs nege dástan yekenligi, wonıń janrlıq qásiyetin belgilewi kerek. Qaraqalpaq ádebiyatı muǵallimi hár bir dástandı wótkende, wonıń janırlıq qásiyetli belgilengendi muǵallimniń gápi yeken, woqıwshilarǵa túsinikli bolıw’ kerek. Mısalı: muǵallim «Qoblan» dástannan keyin «Alpamıs» dástanın ótedi deyin: Bul dástannıń janırlıq qásiyetin belgilew ushın qaraqalpaq ádebiyatınıń muǵallimi woqıwshılarǵaAlpamıstıń hádden tısqarı batırlıǵın, wonıń wózi yelin, wóz xalqın janınday suyetuǵInlıǵIn dushpanǵa miyrimsiz yekenligin belgileydi. Endi woqıwshılardaǵı bul ápiwayı túsiniklerdi muǵallim wózi tómendegishe juwmaqlastırıwına boladı. Adamlar bul qahraman tuwralı, adamlardaǵı yeń jaqsı adamshılıq sapalardı, yeń jaqsı adamshılıq ideyalardı arman yetkenligi, olardıń usı dástan arqalı jırlanǵanlıǵın kórsetedi. Solay yetip bular qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpelerindegi yeń jetilisken wobrazları yekenliklerin muǵallim dálillew kerek.

**Besinshiden.** Dástandaǵı úzindilerdi woqıwshılar wóz sózleri menen aytıp bergennen olardıń wózleri qálegen jerlerin yadlap aytqanı jaqsı. Eger qaraqalpaq ádebiyatınıń muǵalliminiń bos waqıtları bo0lsa, XX – ásirdegi xalıq shayırları dóretken qaraqalpaq xalıq dástanlarınıń da bar yekenligin woqıwshılarǵa aytıp beriw kerek. Jáne de olarǵa wózlerinshe, wol dástanlıq shıǵarmalardı tawıp woqıwdı usınıs yetiwi kerek. Biraq bul XX ásirdiń 40-50-70 jıllardaǵı dóregen dástanlıq shıǵarmalar basqasha túrler, jańasha stiller menen dóregenliklerin woqıwshılarǵa yeskertken jón boladı. Qanday shıǵarmada bolmasın,onıń xalıqlıq sıpatın belgileytuǵın yeń basın kórsetkish. Wonda miynetkeshler massas ushın yen bolǵan xalqı táǵdirine, wonıń keleshegine baylanıslı hádiyseler suwretlew bolıp tabıladı. Alpamıs dástandaǵı yeń baslı ideya – xalıqlıq ideya. Dástan qaraqalpaq xalqınıń wómiri ushın kútá jámiyetli máselelerdi jırlaydı.

Dushpanlarǵa qarsı gúres, xalıqtıń tınıshlıq túrde jasawı ushın yeń tiykarǵı mazmundı quraydı

Dástanda xalıq batırlıǵına tereń woptimizm qıyınshılıq tan qutılıw, baxıtlı wómirge shıǵıwǵa

## Qaralapaq xalıq dástanların kórkem woqıwǵa qoyılatuǵIn talapları

Ulıma worta bilim beretuǵın qaraqalpaq mekteleriniń V – VIII – klasslarda qaraqalpaq xalıq dástanların wótiw máseleleri burıngı ádebiy janrlardı wótiwge qaraǵanda basqasharaq boladı.

**Birinshiden**, qaraqalpaq xalıq dástanları haqqında qaraqalpaq ádebiyatı muǵalliminiń kiris sózi bolıwı kerek. Dástandı woqımastan aldın dástannıń dóreliw tariyxı, wonıń awızeki xalıq tvorchestvosınıń úlken bir túri yekenligin, bunday dástanlıq shıǵarmalarǵa qaraqalpaq xalqınıńbay yekenlikleri, xalqımızda «Qırıq qız», «Shár'yar», «Alpamıs», «Qoblan». Usıǵan dástanlıq shıǵarmalardıń bar yekenliklerin woqıwshılarǵa sóylep

beriw kerek. Ilajı bolsa, usi dástanlardıń geyparaların kórsetkende jaqsı boladı. Wonnan keyin barıp muǵallim qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpelerinen tariyxıy haqıyqatlıqtı talap yetilmeytuǵınlıqları haqqında sóylep beriw kerek.

**Ekinshiden,** qaraqalpaq ádebiyatınıń muǵallimi búgin klassta «Shár'yar» dástanın wótiw tiyisli dep yesaplayıq. «Shár'yar» dástanın yeń áweli qaraqalpaq ádebiyatı muǵalliminiń wózi woqıtıp kórsetiwi kerek. Muǵallim múmkinshiligi bolǵanınsha jay, kórkem qılıp woqıwı kerek. Usi waqitta texnikalıq qurallardıń járdemi menen dástanlardıń jırawlar menen de, atqarılatuǵınlıqların kórsetiw kerek. Sonnan keyin barıp, jırawlar qanday dástanlardı, baqsılar qanday dástanlarsı, qıssaxanlar qanday dástanlardı atqaratuǵınlıqların woqıwshılarǵa aytıp túsindiriw kerek. Múmkinshiligi bolǵansha jıraw, baqsı, qıssaxanlardıń dawıslarınıńqanday bolatuǵınlıqların woqıwshılarǵa texnikalıq qurallardıń járdemleri menen kórsetiw kerek.

**Úshinshiden,** qaraqalpaq ádebiyatınıń muǵallimi dástandı yendi woqıwshılardıń wózlerine woqıtıw kerek. Dástandı woqıw jolı, wonıń atqaratuǵın moneraların saqlaw kerek.

Dástan – qanday bolıp woqilıwı kerek. Dástandı woqıwshılarǵa woqıtqanda olardı baplarǵa, bólimlerge bólip woqıtıw kerek. Woqıp baratırǵan waqıtlarda túsinilsiz sózlerge, gáplerge túsinik berip barıw kerek.

**Tórtinshiden,** dástandı woqıp bolǵannan keyin woqıwshılar yendi wonıń ideyalıq talqısına ótedi. «Shár'yar» nege dástan yekenligin, wonıń janrlıq qásiyetin belgilewi kerek.

Qaraqalpaq ádebiyatı muǵallimi hár bir dástandı wótkende, wonıń janrlıq qásiyetin belgilegende muǵallimniń ǵápi isenimli, woqıwshılarǵa túsinikli bolıwı shárt. Mısalı: muǵallim «Shár'yar» dástanınan keyin «Alpamıs» dástanın ótedi deyik. Bul dástannıń janrlıq qásiyetin belgilew ushın qaraqalpaq ádebiyatınıń muǵallimi woqıwshilarǵa Alpamıstıń hádden

tısqarı batırlığın, wonıń wóz yelin, wóz xalqın janınday súyetuǵınlıǵın, dushpanǵa miyrimsiz yekenligin belgileydi.

Yendi woqıwshılardaǵı bul ápiwayı túsiniklerdi muǵallimniń wózi tómendegishe juwmaqlastırıwına boladı. Adamlar bul qaharman tuwralı, adamlardaǵı yeń jaqsı adamshılıq sapalardı, yeń jaqsı adamshılıq ideyalardı árman yetkenliginm olardıń usı dástan arqalı jırlanǵanlıǵın kórsetedi. Solay yetip bular qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpelerindegi yeń jetilisken wobrazlar yekenliklerin muǵallim dálillewi kerek.

**Besinshiden,** dástandaǵı úzindilerdi woqıwshılar wóz sózleri menen aytıp bergennen olardıń wózleri qálegen jerlerin yadlap aytqanı jaqsı.

Eger qaraqalpaq ádebiyatınıń muǵalliminiń bos waqıtları bolsa, XX – ásirdegi xalıq shayırları doretken qaraqalpaq xalıq dástanlarınıńda (Bahadır, hanalaslar) bar yekenliklerin woqıwshılarǵa aytıp beriw kerek. Jáne de olarǵa wózlerinshe, wol dástanlıq shıǵarmalardı tawıp woqıwǵa usınıs yetiwi kerek.

Biraq, bul XX ásirdiń 40-50-70- jıllarındaǵi dóregen dástanlıq shıǵarmalarbasqasha mazmun, basqasha túrler, jańasha stiller menen dóregenliklerin woqıwshılarǵa yeskertken jón boladı. Qanday shıǵarmada bolmasın, wonın xalıqlıq sıpatın belgileytuǵin yeń baslı kórsetkish – wonda miynetkeshler massası ushın yeń áhmiyetli bolǵan xalıq táǵdirine, wonıń keleshegine baylanıslı hádiyselerdi súwretlew bolıp tabıladı. «Qırıq qız» dástanındaǵI yeń baslı ideya-xalıqlıq ideya. Dástan qaraqalpaqxalqınıń wómiri ushın kútá áhmiyetli máselelerdi jırlaydı. Dushpanlarǵa qarsı gúres. Xalıqtıń tınıshlıq turmista jasawı ushın yeń zárúrli nárse desek, usı ideya dástannıń tiykarǵı mazmunın quraydı. Dástanlarda xalıq batırlıǵına tereń woptimizm, qıyınshılıqtan qutılıw, baxıtlı wómirge shıǵıwǵa iseniwshilik sıpatlı, bayanlanadı.

Ajiniyaz atındaǵı NMPI nıń qaraqalpaq tili hám ádebiyatı fakul’tetiniń 3 v – kurs studenti Yusupov Tórebaydıń Nókis qalalıq №7 ulıwma worta bilim beriw mektebiniń 8$^{a}$-klasına qawıs ayınıń jetinshi sánesiniń ádebiyat sabaǵınan bir saatlıq

**I S   J O B A S I**

**Sabaqtıń teması**: Dástan haqqında túsinik

**Sabaq túri**: Birlesken sabaq túri

**Sabaqtıń maqseti**: a) bilim beriwshilik   Dástan haqqında úyretemen.

**b) Tárbiyalıq maqseti:** Woqıwshılarǵa dástanlardı woqıwǵa shaqırıw

**v) Rawajlandırıwshılıq**: woqıwshılardıń sawatlıǵIn bilimligin arttırıw.

**g) Sabaqtı qurallandırıw**: 8 – klass ushın sabaqlıq kórgizbe qurallar.

**I Sabaqtıń barısı**

**a) Shólkemlestiriw (1-2 minut)**

Klassqa kirip, woqıwshılar menen sálemlesemen. Klasstıń tazalıǵına itibar beremen. Por, dáskerdiń bar joqlıǵın anıqlayman, woqıwshılardıń sabaqqa qatnasın náwbetshi arqalı barlayman. Wonnan keyin taza temanı túsindiriwdi baslayman.

**II Taza tema (20-25)**

Dástanlar haqqında temanı túsindirmestenaldın wótilgen tema haqqında maǵlıwmat beremen, yeske túsiremen hám búgingi tema menen baylanıstıraman. Taxtaǵa sáneni hám temanı jazaman. Dástanlar haqqında túsinik berip wótemen. Dástanlardı ádebiyat tanıw iliminde tariyxında «yeposlar» dep ne ataydı. Geyde «qıssa» dep atalıwshılıqta ushırasadı. Qaysı bir xalıqlarda «jır» dept ye ataladı. Mısalı: «Alpamıs» dástanı, «Qız jipek» qıssası, «Batırlar jırı» degen atamalardı ushıratamız. «Batırlar jırı» «Qa yepos» dept ye júrgiziledi h.t.b.

Mine usı dástanlar yamasa yeposlar qaysı xalıqta bolsa da, wonıń folklorınıń úlken yesteligi bolıp yesaplanadı. Dástanlar bir xalıqtıń folklorınıń ishinde tiykarǵı qaharmanlarınıń atı, olarǵa beriletuǵIn unamlı, unamsız xarakteristikalardı saqlay wotırıp, bir neshe variantta ushırasadı. Bir dástannıń wózi bir neshe xalıqlar arasında taralǵandada usı qásiyetin saqlaydı.

Mısalı, qaraqalpaq xalqınıń arasında keń taralǵan «Alpamıs», «Máspatsha» sıyaqlı dástanlar úsh-tórt nusqaǵa iye. Olardıń kópshiligi bes-on mıń Qatar qosıqtan ibarat. «Alpamıs» dástanınıń Qurbanbay jırawdan jazıp alınǵan variantı 17 mıń qatardan aslam qosıqtan turadı. Pútkil yelimizde belgili «Qırıq qız» 25 mıń Qatar qosıqtan ibarat. Dástan xalıqtıń belgili bir tutas dáwirdegi, geyde bir neshe dáwirlerdegi tariyxıy siyasiy jaǵdayı, kún kórisi, basqa xalıqlar menen jasaǵan qatnası, ádet-úrpi, dástúri, woyın zawqı, qullası barlıq materiallıq hám ruwxıy wómiri súwretleydi. Dástanlar qospalı

janrlıq belgige iye, wonıń ishinde qosıqta ta, qara sózde, naqıl-maqallar, jır – terme úlgileride qabatlasıp keledi. Basqada kóp xalıqlardağı sıyaqlı qaraqalpaq folklorınıń tariyxında «jıraw», «baqsı», al keyin ala «qıssaxan» dep atalǵan atqarıwshılardıń bolıwıda dástanlardıń awızeki xalıq tvorchestvosında tutatuğın mine usınday aurıqsha úlken j'aǵdayına baylanıslı. Qaraqalpaq dástanlarında qaharmanlardıń is-háreketinińtiykarın quraytuǵIn waqıyalar sırtqı dushpanǵa qarsı gúres, qaharmanlardın wóz-ara muhabbat qatnasları bolıp yesaplanadı. Dástanlarda keń suwretlenetuǵIn batırlıq, doslıq, turaqlılıq, adamgershilik, yeldi súyiw, aqıl-parasatlılıq h.t.b. máseleler jáne usıllardıńqarama – qarsı unamsız tárepleri, ishki dushpanǵa qarsı gúresusı yeki úlken waqıyanıń átirapında--------------. (16 bette).

Usı xarakterine qarap qaraqalpaq dástanları úlken yeki tarawǵa bóliwge boladı.

1. **Qaharmanlıq dástanlar** (bilar «batırlar jırı», «Qaharmanlıq yepos» depte ataladı).
2. **Ashıqlıq dástanları** (bular «Liro – yeposlar dept ye ataladı).

Qaharmanlıq dástanların batırlıq, yel qorǵaw, sıyaqlı sırtqı dushpanǵa qarsı gúres, xalıq wómirinezıyan tiygizetuǵın basqada hár túrli nárselerge qarsı atlanıs tiykarǵı tema sıpatında sóz yetilip, turmıstıń basqa hádiyseleri usı tiykarǵı temanı tolıqtırıw ushın sóz yetiledi. Buǵan mısal yetip «Shar'yar», «Qoblan» sıyaqlı qaraqalpaq qaharmanlıq dástanları usınday. Sóytip bunday dástanlarda qaharmanlardıń asqan kúshin, batırlıǵın hám usı qásiyetler kórinetuǵın urıs kartinasın súwretlew birinshi worında turadı.

Ashıqlıq dástanlardıń tiykarǵı syujetlik baǵıtın muhabbat máselesi dúzedi. Usıǵan baylanıslı bir-birin súyiwshi jaslardıń názik muhabbat sezimlerin (usıǵan baylanıslı saǵınısh, ayralıq, quwanısh sezimlerin) olardıń psixologiyasın ishki dúniyasın súwretlew, shın muhabbattı dálillew birinshi planda turadı.

Ashıqlıq dástanlarda da yerlik, jawǵa qarsı gúres kóp ushırasadı, biraq usını wózi shın júrekten jaslardıń wóz maqsetlerine jetiw jolında dus kelgen qıyınshılıqlar, tosqınlıqlar menen gúres sıpatında sóz yetiledi. Mısalı qaraqalpaq dástanı «Máspatsha» mine usınday. «Máspatsha» dástanınıń bas qaharmanları Máspatsha menen ayparsha batırlıqta, urıs wónerin iyelewdı, kóp dushpan menen taysalmay hám uqıplılıq mártlik kórsetip gúrese alıwda hesh bir batırdan qalıspaydı. Wonıń japadan jalǵız «qırıq mıń láshker qol menen»-------- dáw menen ushırasadı. Biraq Máspatsha, Ayparshanıń usı yerkinlikleri wózleriniń shın muhabbatın, usı muhabbat aqıl menen de, kúsh – qural menen de qorǵawǵa uqıplıjáne tayar yekenligin ashıp kórsetiw ushın suwretlenedi. Jaw qolına bir neshe márte túsken Ayparsha kúshli jawız dushpannıńaldın ala wóz yerkin bermeydi. Máspatshaǵa bolǵan muhabbatınan qaytpaydı, aqıl – parasat, shıdamlılıq, uqıplılıq, yerlik kórsetip wóziniń jalınlı muhabbatın qorǵaydı. Jeti jerinen jaradar bolǵan Máspatsha jeti jıl boyı Ayparsha ushın tawda gezedi h.t.b. Qáharmanlıq dástanlardaǵı siyaqlı ashıqlıq dástanlarınada, olardı dóretken xalıq wóziniń ádiwligin ashıqlarınıń qıyın jeńillestiriw tilegi menenqıyalıy yelementlerdi kirgizedi. Qaraqalpaq dástanlarınıń yeń xarakterli belgilerinen taǵI birewi – olarda hayal – qızlarǵa bolǵan kóz – qaras haqıyqat xalıqlıq baǵIttan sóz yetiledi. Barlıq dástanlarda hayal-qızlar tiekarǵI qaharmanlardiń jaqın aqılshısı, jáqdemshisi siyaqlı uqıplı adamlar bolıp súwretlenedi. Al «Qırıq qız» dástanın alatuǵın bolsaq bas qaharmannıń wózi – batır qız Gúlayım.

**III. Úyge tapsırmanı soraw hám taza temanı bekkemlew**

Úyge berilgen tapsırmani 5-6 woqıwshıdan wortaǵa soraw taslaw arqalı sorayman hám taza temanı bekkemkew maqsetinde woqıwshılardıń tema boyınsha túsingenligin anıqlaw ushın olarǵa qosımsha sorawlar beremen.

1. Dástanlardıń tiykarın qanday waqıyalar quraydı?

2. Qaraqalpaq dástanlarınıń xarakterli belgileri qanday.

3. Qaraqalpaq dástanlarınıń túrleri hám olardıń wózine tán ayırmashılıqları qanday?

**IV. Úyge tapsırmanı beriw (1-2 minut)**

Taxtadaǵı temanıń atın, kitaplar betin nolıq jazaman ham úyge – tapsırma yetip, mazmunın sóylep beriwdi tapsıraman.

Ájiniyaz atındaǵı NMPI qaraqalpaq tili hám ádebiyatı fakultetiniń (qaraqalpaq) 4b kurs studenti Yusupov Tórebaydıń №7 sanlı ulıma worta arnawlı bilim beretuǵIn mektebiniń 5b klasına sentyabr ayınıń úshinshi sánesiniń ádebiyat sabaǵInan bir saatlıq

**IS JOBASI**

**Sabaqtıń temasi**: «Alpamıs» dástanı

**Sabaqtıń túri:** aralas sabaq túri

**Sabaqtıń maqseti**: bilim beriwshilik, tárbiyalıq, ádep – ikramlılıqtı rawajlandırıwshılıq.

**Sabaqtıń barısı:** (1-2)

Klassqa kirip woqıwshılar menen sálemlesemen, klastıń tazalıǵına itibar beremen. Por, dáskelerdıń barlıǵın joqlıǵın anıqlayman. Náwbetshi arqalı woqiwshılardıń qatnasın anıqlayman.

**Úyge tapsirmasın soraw. (13-15)**

Úyge qanday tapsırma berilgenin bir woqiwshidan sorayman. Sabaqqa neshe woqıwshi tasyrlanbay kelgenin anıqlap, wonın sebeplerin sorap, olarǵa yeskertiw beremen. 5-6 woqıwshıdan úyge tapsırma sorap, wonıń bahaların wózlerine yeskertemen.

**Taza tema (15-18)**

Taxtaǵa búgingi sáneni hám wótiletuǵın taza temanıń atın jazaman. Taza temani túsindirmesten aldın, wótiletuǵIn temanıń áhviyetin, tárbiyalıq áhmiyetin túsindiremen. Alpamıs dástanınıń baslı ideyası – xalıqtıń birligi, bólinip – bólinbewi, ǵárezsizlik yshın sırt yel basqınshılıǵIna hár qıylı dushpanlıq háreketlerge qarsı gúres, ádillikti jaqlaw, jaqsı minez-qulıqtı adamgershilikti ardaqlaw, xalıq túsiniginde jaman dep yesaplaytuǵIn qásiyetlerdi qaralaw, batırdıń súygenine qosılıw ushın qanday qıyınshılıq bolsa da bas tartpawın kórsetiwden ibarat. Dástandı dóretken xalıq Qarajandı yeń jaqsı sıpatlar menen sıpatlaydı, olar mártligin, aqılın, hadallıǵIn, sadıqlıǵın maqtanısh yetedi. Dástanda doslıq ideyasın súwretlewge de úlken worın beriledi. Bunıń úlgisi sıpatında dástanda Qarajannıń wómirlik doslıǵı keltirilgen.

**Temani bekkemlew (5-8 min)**

Temanı bekkmlew ushın, woqıwshılarǵa tema boyınsha sorawlar taslap anıqlayman.

1. Dástannıń unamlı qaharmanları kimler
2. Unamsiz qaharmanları kimler.
3. Dástannıń baslı ideyası qanday.

**Úyge tapsırma beriw (1-2 min)**

Taxtaǵa temanı jazaman, kitaptıń betin jazaman, úyge tapsırmaǵa dástanın woqıp keliwin hám mazmunın sóylep beriwin tapsıraman.

## II BAP. ALPAMIS DASTANIN KORGIZBELI MATERIALLAR TIYKARINDA OQITIWDIŃ INAVATSION TEXNALOGIYASI

Jámiyette alǵa júrgiziwin ilim pán jetisken jańa tálim - tárbiya derekleri yeń aldıńǵı zamagóy pedagogika koncepciya zárúr hám bul materiallıq, sıyasiy, ámeliy jaqtan mámleketimizde islenip shıǵılıp búgingi kúni ilimiy bilim sistemasına yengiziwin «Bilimlendiriw haqqında nızam» «kadrlar tayarlawdıń milliy baǵdarlaması bul XXI á bilimlendiriwdi háraketke keltiriwshi kúsh yaǵnıy milliy tájriybeni wózine jámlestiretuǵın keleshek wazıypalardı sheshiwge múnásib kadrdi tayarlawda hár tárepleme ilimiy jaqtan analizlengen sonıń menen birge woqıw – tárbiya processin jańa ped texnologiya menen támiyinlewdi baslı wazıypa sıpatında belgilep Bergen. Tálimimiz jańa model jas áwladtı turmısqa ılayıq hár tárepleme jetik insane yetip tárbiyalawda bilimlendiriw sistemasına yengizilgenjańa pedagogika texnologiyasında ilimiy hám ámeliy jaqtan qollanıw tálim tárbiya jumıslarında aldımızǵa sheshimin kútip turǵan hám pedagog alım woqıtıwshı diqqatın wózine tartıp ilimiy jumisinda arnawli worındı qızǵIn úyretiwde sebepshi bolıp turǵan iri mashqalalardıń biri bolıp yesaplanadı.

Texnologiya túsinigi ilimge XIX ásirde kirip kelgen bul «óner páni» degen maǵananı bildiredi. Pedagogikalıq texnologiya yaǵnıy tárbiya procesin jańa baǵdarda joybarlaw hám usı tiykarda alıp barıw. Burın biziń woqıw sistemamızda qollanılıp kelgen pedagogikalıq texnologiya túsinigi yeki mánisti: birinshiden muǵallim wózin – wózi basqarıw komponenti. Ekinshiden. Woqıw procesin texnikalıq qural járdeminde alıp barıw dep qaralıp kelgen yedi. Sońǵi waqıtta bul túsinik jańasha tolıqtırıla basladi. Alımlarımız bunı woqıw texnologiyası belgili jol jarıq sisteması menen baylanıslı bilim toparı dep atadi. Jánede woqıtıwda belgili maqsetke yerisiw

qalayli aılın anıqlaw dep júrite basladı. Prezidentimiz I.A. Karimov woily májilistiń XIV sessiyasında jasaǵan bayanatında pedagog alımlardıń aldına bilim standartın jańalawdı sabaq – házirgi zaman pedagogika hám informaciya texnologiya jańa áwladın wóz waqtında islep shıǵıwdı hám yengiziwdi zárúr dep qoydı joqarı qániygeli kadrdı tayarlaw sapası woqıtıwshı hár tárepleme sawatlıǵın hám sabaq woqıw qollanbanıń jańalanıwına baylanıslı bolsa jáne mektep klass hám awditoriyada woqıtıw pedagogika kóleminde alıp barıw wonıń ajıralmas birligin támiyinlewi taǵı tıǵız baylanıslı sebebi hár bir jas belgili dárejedegi intelektual kúsh woqıtıwshı muǵallim tájriybesi, kásip sheberligi h.b. isenimli ------------ menen júzege shıǵadı. Sabaq sapasın jaqsılawǵa tómendegiler zárúr.

- woqıtıwshı ilim metodikalıq jaqtan tereń bilimge iye bolıwı.
- - úyrenetuǵın mat. Wonıń úyreniw usılı
- Woqıwshı jas wózgesheliklerin yesapqa alǵan halda.
- Sabaq procesinde muǵallim woqıwshılar aktiv qatnasıw
- Woqıwshı sapalı túrde wóz betinshe bilim alıwdı sabaq waqtın únemli paydalanıw.
- Úyrenilip atırǵan materiallar teoriyalıq hám ámeliy áhmiyeti woqıwshınıń sanasına sıńip barıw. woqıwshınıń qızıǵıwshılıǵın hám aktivligin barqulla rawajlandırıp barıw.
- Kórkem shıǵarmalardı wóz betinshe tolıqtırıw keń túrde keń túrde paydalanıw hám qızıqtırıw.

## Tema Pedagogikalıq texnologiyalar klassifikaciyasinıń ilimiy tiykarları sapası

Ózbekstan respublikası insan huqıqları hám yerkinlikleri qorǵawshı jámáát hám ruyxıy jaqtan jazalaytuǵIn bazar yekanomikasına siyasiy rawajlanıw hám wonı dúńya júzi standartına say támiyinleytuǵIn demokratiyalıq jámáát qurmaqta. Házirgi kúnde pedagog ád-t

bilimlendiriw mashqalasın qanshama rásmiy hújjetlerdin «Jańa pedagog texnologiya», «Aldıńǵı pedagogikalıq texnologiya» «Zamanagóy ped texnologiya» bolıp atalmaqın . ulıwma pedagogikalıq texnologiya bul bar bilimdi woqıtıw hám wózlestiriw barısında wóz aldına biliw sisteması iskerligi wóz – ara baylanislı túsinigi bolıp yesaplanadı. Bunıń tiykarǵI túsinigi izbe – iz úyreniw usılı. Bul usıldi aldıńǵı pedagogikalıq texnologiya terminkerin qollanǵan ped te[nolog alım V. Farbermen kórsetiwinshe pedtexnologiya izbe – iz úreniwi bir – biri menen baylanısıw bólim dizbegi ásirese izbe – iz úyreniw usıilı pedtexnjljgiyanı woqıtıwda basqa usıldan parıqlanıwshı tiykarǵI belgisi bolıp yesaplanadı. Bul usillar bilimlendiriw maqseti, mazmuni, woqıtılıwı baqlaw nátiyjesi bir – biri menen tıǵIz baylanısta jobalastırıw. Pedagog ádebi pedagogikalıq texnologiyaların tiykarın salǵan ilimpaz Bespolkov, V. Guzev, V. Lixanov, Volkov, M. Klarin, I. Lerper Ózbekstanda yaǵnıy biziń mámleketimizde Bespolkov, Klarin tásiri kúshlirek. Pedagogikalıq texnologiya kóbirek wótmishtegi belgili pedagog ármanına teń keledi. XVII ásirde jasaǵan Yan Amos Kamenskiy waqtındaǵı pánler usıldı izbe – iz táriyplestirgen. Kamenskiy pikirinshe ideal dáwirde woqıtıwdıń bir jolı tabılama hámme nárse saat ashıq waqtı kórsetkendey qátesis tek álǵa ilgermeydi. Zaman kórsetken jáhán pedagogika páni rawajlanıw tásirin basınan keshirip, psixologiya kebernitika sisteması basqarıw teoriyası hám basqa páni jetiskenliklerin birlesip házirgi dáirde jańalaw basqıshında turar ken insane bar múmkinshiliklerin rawajlandiripámelde iske asırılmaqta ped texnologiya jıy-sı b pedagogikada úlken kólemdegi teoriyalıq hám ámeliy tájriybe top-n sanaatda texnil hújjet talaplarǵa ashıq juwap berip dóretiwshi wózine baylanıslı bólimin hálda tastıyıqlanǵan nátiyje beretuǵın mıńlaǵan texnolog jaǵ islep shıgıladı. Bunday texnolog jaǵ tiykarǵI bolıp ishki sızılması hám jıyındısı bir sızbası xızmet yetedi. Wonıń talabına ashıq juwap beriw detallarınıń wóz-ara almastırıwı

támiyin – texnolog usıl tákirarlanıw' qayta tiklengendúzilisti payda yetedi. Mine sonıń ushın Ózbekstanda shet yel texnologiyası tiykarında islep shıǵarılǵan avtomobil sıpatı menen birdey tákirar dúzilisti pedagogikada payda yetiw qıyın woǵan tálim – tárbiya wazıypası kóp túrligi mazmun woqıw metodikasınıń kóp túrligi wonı belgilew usınıń kóp túrligi qıladı. Sonday b-sha da AQSh ta belgili V. Bul'm, L. Anderskiy, D. Krayvole rawajlanıw nátiyjelrine yeristi. Sin-shi tákirar pedagog dúzilisti wózinshe alǵan pedagogikalıq texnologiya islep shıqtı 1996 Yuraslominde Yunosko qararı menen Monala 1997 jılı 1998 Kanada da ped. Texnologiya yerisilgen tabısları jóninde ilimiy teoriyalıq ánjumanı boldı. Kóplegen mámleketlerde woqıtıwda ped texnologiya usılında paydalanıp kelmekte.

Bilimlendiriw haqqındaǵı nızam hám qániygeler tayarlawdıń milliy baǵdarlamasında házirgi zaman miynet bazarı jáne básekeli wortalıǵında jemisli miynet isley alatuǵın milliy kadrlardı jetilistiriw byuaslı wazıypa yetip qoyılǵan. «Texnologiya» sózi basqa tillerge grek tilinen kirgen bolıp bizińshe iskusstva sheberlik, kásip-óner haqqında ilim degen maǵananı ańlatadı.

Pedagogikaǵa «pedagogikalıq texnika» hám «pedagogikalıq texnologiya» túsinikleriniń kirgenine bári 25-30 jılday ǵana waqıt bolǵan.

Áwelgi waqıtları «pedagogikalıq texnika»nı woqıwshılarǵa pedagogikalıq tásir jasaytuǵın metod dep yesaplaǵan.

Házirgi waqıtta Dunya júzi pedagogikasında túrli-túrli pedagogikalıq texnologiyalar qollanılmaqta. Házirgi waqıtta dúnya júzi pedagogikasında túrli-túrli mámleketlik bilimlendiriw standartı negizinde jańa pedagogikalıq texnologiyanı jaratıwda hám qollanılıwda mına talaplar qatań yesapqa alıw kerek. Woqıwshınıń házirgi woqıw wornın pitkergennen keyingi xızmetiniń xarakteri bilimlendiriw standartına tiykarlanıp woqıw jobasın woqıw baǵdarlamasın dúziw, sabaqlıq hám woqıw qollanbaların jaratıw, woqıw pánleriniń mazmunına kólemin anıqlaw sistemasın bekkemlew.

Pedagogikalıq texnologiyanı woqıtıw texnologiyasın pedagogikalıq texnikanı durıs tańlaw, olardı dóretiwshilik sheberlik penen qollaw woqıw tárbiya jumıslarında tabıslar girewi bolıp yesaplanadı.

## PEDAGOGİKALIQ TEXNOLOGİYaNIŃ TİYKARǴI PRİNTsİPLERİ

Jańa pedagogikalıq texnologiyada degen terminniń dúnya xalqlarınıń tillerine innovatsiya degen atama menen kirip kelgenligine 25-30 jıllardan artıǵıraq waqıtlar bolıp qaldı.

Durıs dáslepki jılları pedagogikalıq texnika degen terminler menen atalıq sońın ala innovattsiya degen terminge aylanıp, bárshe xalıqlar tillerine kirip leksikonnan Erkin worın alıp ketti.

Bul dúnyaǵa jańalıqtı yerkitn wóz mápine paydalanıw degendi ańlatadı. Al bilimlendiriw tarawındaǵı hár qanday payda bolǵan pedagogikalıq wózgerisler pedagogikalıq innovatika-pedagogikalıq jańalıq, pedagogikalıq jámiyetshilik tárepinen úzlestirip alıw ámelde wonı qollanıw sheberligi haqqındaǵı táliymat degendi ańlatadı. Bul pedagogikalıq innovatik bilimlendiriw tarawı boyınsha tiykarınan tómendegidey baǵdarlardı wol wóz ishine aladı.

1. Pedagogikalıq neologiya grekshe «neo» - jańalıq degendi ańlatadı, «logus» tálim pedagogikalıq neologiya degen jańalıq haqqında ilim úyreniw, wózlestiriw, ulıwmalastırıw, juwmaqlastırıw degen túsiniklerdi de ańlatadı.

2. Pedagogikalıq ansiologiya grekshe «ansioma» húrmet yetiw ámeliyatta sınalǵan dálillengen tálimatlar degendi bildiredi. Bunda pedagogik jańalıqlardı wózine keregi boyınsha tańlap alınǵan.

3. Pedagogikalıq praksologiya grekshe «praks» háreket «logus» ilim «ámeliyatta qollanatuǵın ilim». Bunda tańlap alınǵan pedagogikalıq jańalıq ámeliyatta yerkin qollanıladı. Bul shıǵısı jaǵınan táliymatı boyınsha payda

bolǵan termin sózler biziń bilimlendiriw tarawında ili, pán, ádebiyat, mádeniyat h.t.b. tarawlarda yerkin qollanıla basladı. Máselen «Issıxanada» pomidor jetilistiriwdiń İzroil hám basqalardı da mısal yetiwge boladı.

2000-jıldan baslap Ózbekistan Jańa pedagogikalıq texnologiya teoriyalıq tiykarlarınan wóz aldına pán sıpatında joqarı woqıw worınlarında sabaq yetip wótiw máseleleri sheshti. Bul másele álbette Ózbekistan Respublikası joqarı worta arnawlı bilimlendiriw ministrligi birden kelgen joq.

## İNTERAKTİV METODLAR HAQQINDA

2002-jıl «joqarı mashqalalar hám arnawlı worta mektep institutı» pedagogikalıq texnologiyanı joybarlaw hám realizatsialaw boyınsha bir neshe metodikalıq biyroshalar islep shıqtı. Solardıń yekinshi bóliminde sabaqlardı interaktiv metodta woqıtıw qanday bolıw kerek degen máselelerge ayrıqsha toqtalǵan. Woǵan tómendegidey juwaplar berilgen. İnteraktiv usılda sabaq alıp barıw bul innovatsiyalıq jańalıq bilim menen bilim beriwge qaratılǵan metod bolıp tabıladı.

Sonıń ushın bilimlendiriw tarawınıń aldına shólkemlesken jobalı túrdi massalıq xarakterdi kirisiwdi talap yetedi.

Bilimlendiriwge jańa nárselerdi yengiziw bul keleshekte woqıwda úlken payda keltiretuǵın gáp. Sonıń ushın adamlardı inovatorlıq úyretiw, adamdı tárbiyalap jetilistiriw jańalıq woylap tabıwǵa hár bir adamdı úyretiw sol dárejege jetkeriw bilimlendiriwdiń wózinde jańalıq payda yetiw máseleleri turadı. Bul máselelerdi geypara ilimpazlar máselen geypara milletlerdiń investittsiyalıq mashqalalarǵa uqıplılıǵı boladı. Buǵan Ózbekistan mámlekette júdá sáykes keletuǵın mámleket dep te kórsetedi.

İnteraktiv tiykarǵı sıpatlamanı ilimpazlar bılay beredi. İnteraktiv woqıw bul adamnıń dúnya tanıwshılıq iskerligin arttıratuǵın Shólkemlestiretuǵın qásiyetke iye woqıw túri dep kórsetedi.

Bunday woqıwda adam tolıq, anıq hám aldın ala boljawshılıq maqsetlerge yerisedi dep kórsetedi.

İnteraktiv tiykarǵı sıpatlamanı ilimpazlar bılay beredi. İnteraktiv woqıw bul adamnıń dúnya tanıwshılıq iskerligin arttıratuǵın, shólkemlestiretin qásiyetke iye, woqıw túri dep kórsetedi. Bunday woqıwda adam tolıq, anıq hám aldın ala boljawshılıq maqsetlerge yerisedi dep kórsetedi.

Bul interaktivlik woqıw túri menen yeger klaslarda woqıwdı alıp barǵanda woqıwshınıń sonıń da wóziniń pándi úlgertiw múmkinshiliklerin bolatuǵın woqıwshı wóziniń interaktivlik ahwalın bul woqıw túriniń júdá qolaylı yekenine kóz jetedi.

İnteraktiv woqıw tiykarınan 5 túrde alıp barıladı:

1. Túsiniwdegi túsiniwdegi bir birine ǵárezsizligi.

2. Hár bir adamdaǵı jeke juwapkershilik.

3. Bir-birewge járdem beredi.

4. Pikirdi sheshiwde jámiyetshilik.

5. Topardaǵı jumıslardıń xarakterleniwi.

«İnteraktiv» sózi «óz-ara», «birge» degen mánini ańlatadı. Demek birge háreket yetiw degendi ańlatatuǵın sóz yamasa jámáát bolıp birlesip háreket yetiw degendi ańlatadı.

Bul sózdiń ulıwma mánisi «kollektivlik uqıplılıq» hám wósiriw degendi bildiredi.

**Alpamıs dastani (klaster usılı)**






**«Aqılıy hújim»di wótkeriw usılı**

1. Tartıs, pikirler wózgesheligine iye bolǵan sorawlar qosıw hám tapsırma beriw.

2. Sorawlarǵa juwap beriw hám tapsırmalardı worınlaw.

3. Tapsırmalardı worınlaw barısında baqlap barıw.

4. Juwaplardıń tuwrılıǵına isenim bolıw.

5. Pikirlerin dáliller, faktler menen sıpatlay alıw.

**«Aqılıy hújim»di wótkeriw qaǵıydaları**

1. «Aqlıy hújim»di wótkiziw ushın belgilengen waqıt reglamenti anıq bolıwı shárt.

2. Belgilenip waqıt dógereginde barlıq qatnasıshılar, haqlawshılar wóz pikirin bayan yetiw ushın imkaniyatlar beriw zárúr.

3. Woqıwshılar tárepinen aytılǵan pikirler sın kóz-qarasınan hám talqıkanbawlıǵı yamasa bahalanbawlıǵı lazım.

4. Zárúr bolıp qalǵan jaǵdayda bayan yetilgen pikirge dúzetiwler kiritiw kerek. Yaǵnıy aytılǵan pikirlerdi anıq hám qısqasha aytılǵan pikirlerdi anıq hám qısqasha túsindirip beriw imkanın beredi.

**Sabaqtıń tipi:** Jańa woqıw materialların úyretiw.

**Sabaq túri:** Dástúriy yemes, interaktiv usıldaǵı sabaq.

**Sabaqta qollanılatuǵın metodlar:** Dialog metodı: (soraw-juwap, sáwbetlesiw, kishi lekciya, kishi toparlarda islesiw, kartoчkalar menen islesiw, refleksiya metodı, test hám Wómir sızıǵı woyın shınıǵıwı, sabaqlıq penen islesiw, toparda talqılaw jasaw)

Wótiletuǵın wornı: Kompyuter bólmesi

Kerekli resurslar: I.Kárimov. «Joqarı mánáwiyat — jeńilmes kúsh» kitabı, sabaqlıq, «Alpamıs», «Sháryar», «Yedige», «Qırıqqız» dástanları kompyuter, multimediya, proektor, diskler, slaydlar, kartoчkalar.

Sabaqtıń barısı:

I. Shólkemlestiriw w minut

II. Taza temanı bayanlaw qq minut

III. Bekkemlew ye minut

•«Wómir sızıǵı» woyın shınıǵıwı y minut

•7x7 bilimler woyın shınıǵıwı y minut

•«Tıńla» «Yesle» «Pikirle» 7 minut

•Juwmaqlaw testi r minut

IV. Úy tapsırmasın soraw t minut

V. Bahalaw hám úy tapsırma beriw w minut

I. Shólkemlestiriw.

Woqıwshılardıń qatnası, woqıw qurallarınıń túwelligi kózden wótkerilip, sabaq baslanadı. Úy tapsırmasın yesletip wótiledi. Bul ushın tómendegi sorawlar beriledi.

—Kim qanday shıǵarmalar woqıdı?

—Shıǵarmanıń unamlı hám unamsız qaharmanları haqqında ne ayta alasızlar?

II. Taza tema: Dástan haqqında túsinik. Dáwirler boyınsha bóliniwi, jırlanıwı, izertleniwi hám basıp shıǵarılıwı.

Taza tema I.A.Karimovtıń «Joqarı mánáwiyat jeńilmes kúsh» kitabındaǵı danalıq sózler menen baslanadı.

…«Bul dúnyada qaysı millettiń wóz ápsanalıq qaharmanları, wózi súyip ardaqlaytuǵın palwanları bolatuǵınlıǵı málim. Xalqımız ázelden wóz denesinde, wóz tamırında jasaytuǵın ilahiy qúdiretke múnásip bolıwǵa umtılıp, wóz ulların batırlıq ruwxında, yel-jurt ushın janın da ayamaytuǵın haqıyqıy palwanlar yetip tárbiyalap kelgen» (proekcion – multimediyalar arqalı vidio kóriniste tıńlaydı).

Durısında da, birese batır Alpamıs bolıp kóz aldımızda sáwlelenedi, birese yel-jurtına wopalı Gúlayım bolıp Miyankóldi táriypleydi.. Qaraqalpaq dástanlarınıń basqa xalıqlardıń awızeki dóretpelenri ǵáziynesinen de úlken worın alǵanlıǵı túsindiriledi. (Alpamıs dástanınan Gúlparshınnıń sózin duwtarda atqarǵan qosıǵın video kóriniste tamashalanadı).

Dástan – degenimiz xalıq qaharmanları tuwralı dóretilgen iri waqıyalardı bayanlaytuǵın yepikalıq shıǵarma. (slaydta túsindiriledi).

Dástanda kóbinese xalıqtıń watan súyiwshiligi, haqıyqatlıq hám ádilliktiń jeńiwi úlken isenim menen súwretlenedi. Xalıq wóziniń qaharmanların hám olardıń batırlıǵın jırlaǵan. Dástanlar bizge kóp zamanlardan beri áwladtan-áwladqa, awızdan-awızǵa wótip kelgen hám usı kúnge jetip kelgen ádebiy miyras yekenligi aytıladı.

Dástanlar qosıq, túrinde hám azı-kem prozalıq bayanlaw tiykarında dóretilgen shıǵarmalar. Mısalı  dástannan úzindi. Alpamıs dástanında «Qarajannıń qulaǵına jeti kúnlik joldaǵı attıń tuyaǵınıń dúbiri yesitildi. Bálent tawdıń basına juwırıp shıqtı Qarajan, qulaq salıp tıńladı, kóz jiberip qaradı, ya qashqan joq, ya ushqan joq..» dep qara sóz túrinde berilse:

«Hawa jawsın aydın kóller sel bolsın,

Jıldan jılǵa kem dáwletiń mol bolsın,

Qaysı yelden qay sháhárge barasań,

Qıllı kók yabılı bala, jol bolsın», — dep qosıq qatarı menen aralas berilgen. Dástanlardı baqsı hám jırawlar duwtar hám qobız áspabı menen atqarǵan. Qaraqalpaqstannıń Shımbay, Xojeli qalalarında talantlı baqsı-jırawlar kóp bolǵan. Olardan Qurabanazar, Xojambergen, Nurabılla, Qıyas hám Jumabay jırawlardı ayta alamız. (Jırawlardıń súwretleri slaydta kórsetiledi).

Dástanlar ádebiyattanıw iliminde «Epos», «Jır», «Qıssa» dep te ataladı. Hárbir xalıqta dástanlar bar. Usı dástanlar hárbir xalıqtıń yeń úlken yesteligi. Máselen, «Igor polki haqqında jır» — worıs  xalqınıń, «Manas»

— qırǵız xalqınıń wólmes yestelikleri. Dástanlar birneshe variantlı bolıp keledi. «Alpamıs», «Máspatsha» dástanınıń úsh-tórt nusqası bar. Olardıń kópshiligi 5-10 mıń qosıq qatardan turadı. «Qırıq qız» dástanınıń Qurbanbay jırawdan jazıp alınǵan variantı 17 mıń qosıq qatardan turadı. (video kóriniste tıńlaydı).

Woqıwshılarǵa tómendegi sorawlar beriledi:

—«Alpamıs», «Máspatsha» dástanında neler haqqında sóz yetiledi?

—«Qırıq qız» dástanında neler haqqında jırlanadı?

Bul dástanlardıń parqı nede? Qanday juwmaq jasawǵa boladı?

Dástanlar XIX ásirdiń aqırı, XX ásirdiń birinshi yarımında janlı atqarıwshılar tárepinen jıynap alındı. 50-70-jılları burın jazılmaǵan, jazılǵanlarınıń jańa variantları jıynala basladı. «Alpamıs» dástanınıń qaraqalpaqsha verisyası birinshi ret 1902-jılı Tashkent qalasında «Statistikalıq materiallar jıynaǵı» toplamınıń X tomında jarıq kórdi. Bul variant – Tórtkúlli Jiyemurat Bekmuxamedovtan jazıp alınǵan degen maǵlıwmatlar bar.

«Qoblan» dástanı Imamqulı, «Yedige» dástanı Nurabulla, «Sháryar» dástanı Qulamet jırawlardan jazıp alınǵan degen maǵlıwmatlar bar. (video kórinis te úzindi tıńlaydı).

Dástanlar syujetine qarap, dáwirler boyınsha «eń áyyemgi dáwir», «orta ásir», «urıstan burınǵı» hám «urıstan sońǵı» dáwir dep dáwirlerge bólingen.

Dástanlardı yeń dáslep S.Máwlenov, Baskakov, Q.Ayımbetova, N.Dáwqaraev, Q.Maqsetovlar izertlegen hám baspaǵa tayarlaǵan.

III. Bekkemlew: (kishi toparlar menen islesiw)

•«Wómir sızıǵı» shınıǵıwı. (Dialog metodı: dástanlardıń atları, tariyxıy dáwirlerge bóliniwi, atqarıwshıları haqqında pikirlesedi, bilimlerin tolıqtıradı, yerkin pikirlew kónlikpeleri qáliplesedi).

Taxtada úsh dáwir jazılǵan sızıq sızıladı.




Toparlarǵa tapsırma: Hárbir topar súwrette berilgen sorawlarǵa juwaplar jazıwı tiyis.

I. Wótken dáwir.

II. Házirgi dáwir.

III. Keleshekte-qıyalıy hám haqıyqıy (usı úsh dáwirde dástapnlardıń jırlanıwı, izleniwi, ádebiyatta tutqan wornı haqqında aytıp beriwi kerek).

•7x7 bilimler woyın shınıǵıwı. Pefleksiya metodı. (Woqıwshılarda bul usıl dástan boyınsha bilimlerin ulıwmalastıradı, izlenedi woqıwshı menen muǵallim wortasında baylanıs wornatadı, juwmaq shıǵaradı).

Yeskertiw: Muǵallim sorawlardı woqıp yesittiredi hám tayar topar juwap beredi, muǵallim woqıwshılardıń bergenn juwapların wózi qálegen usılında belgilep baradı hám juwmaqlawshı bahalawda paydalanadı.

Sorawlar:

1. Dástan degenimiz ne?

2. Dástan qalay atqarıladı?

3. …«Juldızlardı jerge úńiltpek bolsań,

Jaman shayırlardı túniltpek bolsań,

Yeger men wólgende tiriltpek bolsań,

Ayt sen !jiniyazdıń qosıqlarınan…» qosıq qatarları kimge tiyisli?

4. Dástanlardı qobız járdeminde atqarıwshılardı kim dep ataymız?

5. Qaraqalpaq dástanlarınıń qanday túrleri bar?

6. «Atam berdi úsh anar,

Wózimde de besew bar,

Ákeme berdim úshewin,

Aytıń qáne balalar,

Mende neshe anar bar?»

7. Qaysı dástan ingliz tilinde jarıq kórdim?

•«Tıńla» «Yesle» «Pikirle» toparda talqılaw jasaw

•Diskde «Sháryar», «Alpamıs» dástanınan úzindi qoyıladı hám mazmunı, atqarılıwı aytıp beriledi.

•Juwmaqlaw testi. (slaydta kórsetip qoyıladı)

Izertlew metodı qollanıladı: (toparda talqılaw jasaw)

(5 sorawǵa topar menen juwap beredi. Dástanlardı úyrene wotırıp wózlestiriw dárejesi, bilim, kónlikpeleri rawajlanadı).

Test sorawları sol waqıtta tekserilip nátiyjesi aytıladı.

1. Dástan degenimiz ne?

A) Igor polki haqqında jır

B) Dástan qosıq qatardan turadı

V) Xalıq qaharmanları tuwralı dóretilgen iri waqıyalardı bayanlaytuǵın yepikalıq shıǵarma.

2. Dástanlar qalay izertlengen?

A) Janlı atqarıwshılar tárepinen jıynap alınǵan

B) Qurbanazar, Xojambergen, Nurabılla t.b. jırawlar izertlegen

V) Dástan awızeki túrde izertlengen.

3. Dástanlar syujetine qarap qanday dáwirlerge bólingen?

A) «Yeń áyyemgi dáwir», «orta ásir»

B) «Yeń áyyemgi dáwir», «worta ásir», «urıstan burınǵı» hám «urıstan sońǵı dáwir».

V) «Yeń áyyemgi dáwir», dep dáwirlerge bólingen.

4. Dástanlardı izertlewshiler qaysı qatarda durıs berilgen?

A) I.Юsupov, Nurabılla, N.Dáwqaraev

B) S.Máwlenov, Baskakov, Q.Ayımbetov, N.Dáwqaraev, Q.Maqsetov.

V) Baskakov, Q.Ayımbetov, Qurbanazar, Xojambergen.

5. «Alpamıs» dástanınıń qaraqalpaqsha versiyası 1-ret qaysı jılı járiyalandı?

A) 1-ret 1902-jılı Tashkent qalasında «Statistikalıq materiyallar jıynaǵı» toplamınıń X tomında jarıq kórdi.

B) 1-ret 1905-jılı Tashkent qalasında

V) 1-ret 1905-jılı Moskva qalasında

IV. Úyge tapsırmanı soraw (wótken sabaqta «Klastan tıs woqıǵan shıǵarmalar boyınsha aytıp beriw»). Klass belsendiligin baqlaw hám baǵdar beriw ushın ulıwmalastırıwshı sorawlar taslanadı:

—Woqıǵan shıǵarmalarıńızda qanday másele sóz yetilgen?

—Qaysı dáwir waqıyaları?

—Qaysı wobrazlar unadı, ne ushın?

—Bul shıǵarmalardan qanday wómir sabaǵın aldıńız?

Shıǵarmalardı keleshekte kóz aldıńızǵa qalay sáwlelendiresiz?

V. Bahalaw hám úyge tapsırma beriw:

Sabaqqa jaqsı juwap Bergen woqıwshılar hám toparlar bahalanadı, bahaları kúndelik dápterlerine qoyıladı.

Úyge tapsırma beriw:

Dástan haqqında túsinik. Dáwirler boyınsha bóliniwi, atqarılıwı, izertleniwi hám basıp shıǵarılıwı.

Juwmaqlaw barısında toparlarǵa tominaciyalar belgilenedi (Ziyrekler, yepshiller, woyshıllar… t.b. bul nominaciya topar arasında doslıq qarım-qatnastı júzege keltiredi)

VI. Talqılaw:

—Búgindi sabaq sizge unadı ma? (unamadı ma?)

—Nesi menen?

—Qanday jańa maǵlıwmatlarǵa iye boldıńız?

—Shınıǵıwlardı worınlawda qıyınshılıqlar boldı ma? (Qanday?)

—Kórsetilgen video kórinislerden nelerdi uǵıp aldıńız?

## JUWMAQ

Kóp metodikalıq ádebiyatlarda ayırım muǵallimler ádebiyattaǵı bir janr haqqında woqıwshıǵa túsinik berseń bolǵanı, wonı keń hám tereń úyretemen dep qaytalay beriwdiń keregi joq, dep kórsetedi. Bul gáp kórkem ádebiyattaǵı

hámme janrlar ushın xarakterli yemes. Janrdıńda janrı bar. Máselen, burıńǵı kollektivlik tvorchestvodaǵı dástandı woqıǵan woqıwshı ushın jazba dástan túsiniksiz bolıp turadı. Sebebi, wol poema ma?, ya jazba dástan ba? Wol folklorlıq dástannan hám poemadan ne belgileri menen ayrılıp turadı. Wonı woqıwshıǵa anıq túsindiriw ushın, bir neshshe jazba dástanlıq úlgilerdi kórsetiw kerek boladı.

Kórkem ádebiyatqa hámmeni qızıqtırıw, wonıń adamnıń ruxıy baylıǵı yekenligin úyretiw, kerek ádebiyat hámme adamlarǵa teńdey wómir mektebi yekenligin kórsetiw bul mekteptegi hár bir muǵallimniń ádiwli wazıypası.

Yeger belgili waqıt wótkennen keyin woqıwshılardıń qaraqalpaq xalıq jazba dástanlarına qızıǵıwshılıǵı artıp, wózleri olardı tawıp woqıwǵa talaplanıp júrgenliklerin muǵallim sezse, olardı woqıwshılarınıń tawıp woqıwlarına járdemlesiwi shárt.

Tek dástanlıq shıǵarmalarda yemes, hár qanday kórkem shıǵarmada da úlken bir adam kewilin woyatatuǵın sır, qúdiretlilik boladı. Sonda kórkem shıǵarmaǵa háwesleniwshilik hár bir adamda jas waqıtınan payda boladı.

Demek, jańa temanı qanday metodikalıq sheberlik penen baslaw, meyli kórkem woqıw menen baslaysań ba yamasa planlastırǵan jerdi kórkem qılıp sóylep beriwden baslaysań ba, wol qaraqalpaq ádebiyatı muǵalliminiń yerkine berilgen. Biraq muǵallimniń poemanıń mazmunın woqıwshıǵa túsinikli til menen sóylep jetkeriw wonıń belgili bir máni shıǵaratuǵın bólegin kórkemlep woqıp beriw, woqıǵan jerin kórkem qılıp sóylep beriwi, teksttegi túsiniksiz sóz, gáplerge túsinik beriwi, ásirese bul klasslarda kórkem woqıwǵa ayrıqsha itibar beriwi máseleleri muǵallimniń sabaqtaǵı birinshi dárejeli wazıypası.

Al, 9-klasslarda dástanlıq shıǵarmalar muǵallim tárepinen monografiyalıq lektsiya usılında alıp barıladı. Biraq bunnan joqarı klasslarda shıǵarmalardı kórkemlep woqıw bolmaydı degen túsinik kelip shıqpaydı. Bul klasslarda da kórkemlep woqıw boladı. Biraq wonda hámme sabaqlardıń 90 protsenti monografiyalıq lektsiyalıq sıpatta alıp barıladı. Jáne de sabaqqa kóbirek ilimiy teoriyalıq sıpat beriledi.

Demek, 5-6-7-8-9-klasslarında ilimiy mazmunlıq xarakteri tiykarǵı worındı iyelemeydi, formasına ayrıqsha itibar beriw kerek dep woylamaw kerek. Álbette, xrestomatiyalıq woqıwlıq penen sabaq alıp barıwdıń barlıq metodikalıq talapların saqlay wotırıp sabaqtıń ádebiy bilim, ideyalıq, yestetikalıq, ádep-ikramlıq, internatsionallıq tárbiya beriwshilik maqsetlerin tolıq iske asırıw shárt.

Sol sebepli pedagog bar materialdıń ústinde, hátte wózinshe túsinikli dep yesaplanǵan temalardıń ústinde de qattı muqıyatlılıq penen tayarlıqlar kóriwi shárt. Sabaqtı tolıq maqsetine jetkeriw ushın qaraqalpaq ádebiyatınıń muǵallimi izleniw kerek. Sebebi, muǵallimge qaraqalpaq ádebiyatınan jańa sabaq ushın izleniw, tayarlıq kóriw, sabaqtı nátiyjeli wótkeriwdiń jolların qarastırıw, woǵan yerteńgi sabaqtıń tipin, wondaǵı woqıtıwdıń ’ tipin keltirip shıǵaradı. Demek qaraqalpaq ádebiyatınıń muǵallimi programmada kórsetip, belgilep Bergen temanıń xrestomatiyada bolmasa woqıwlıqta bar materialdıń bir saatta wótiliw jolların durıs dúzip aladı degen sóz.

Yeger qaraqalpaq ádebiyatınıń muǵallimi yerteńgi klassta woqıwshılarǵa wótiwge tiyisli bolǵan sabaǵınıń tipin, woqıtıwdıń ’ tipin durıs belgilep ala almasa, álbette wonıń sabaǵı nátiyjesiz sabaq bolıp shıǵadı.

Mısalı yerteńgi 8-klassta wótiwge tiyisli bolǵan qaraqalpaq ádebiyatınıń teması muǵallimnen birlesken sabaq tipinde wótkeriwdi, al woqıtıwdı kórsetiw, túsindiriw, úyretiw tipinde talap yetip tursa, muǵallim wonı túsinbey aralas sabaq tipinde wótip salsa, woqıwdı problemalıq xaraketerde wótkeremen dep umtılsa, wonda sabaq woqıwshılar ushın jaqsı nátiyjelerge alıp kelmeydi.

Muǵallim hesh waqıtlarda shablonlıqqa berilip  wózine ańsat jollardı izlemew kerek. Sol sebepli de muǵallimge izleniw kerek, tayarlanıw kerek deymiz. Sebebi muǵallimniń tayarlıǵı woǵan wózinen wózi sabaq tipin jáne de woqıtıwdıń tipin májbúr yetedi.

Sonıń ushın qaraqalpaq ádebiyatınıń muǵallimi birinshi gezekte programmanıń belgilewin, xrestomatiyalardıń dúziliw xarakterlerin, woqıwlıqlardıń printsiplerin biliwden tısqarı sabaq tiplerin jáne de woqıtıwdıń ’ da tiplerin ayıra alıwı tiyis. Sonda wol qaysı sabaqqap qanday ádebiy metodlardı aktiv paydalana alatuǵınlıǵın biledi. Bul mekteptegi pedagogikalıq hám metodikalıq sheberlikti jetilistiriwdiń birden bir jolları. Sonıń menen qatar usı máseleler xalıq aǵartıw sistemasındaǵı islewshi joldaslar ushın yeń aktual, hár bir muǵallimnen biliwdi, úyreniwdi talap yetetuǵın problemalardan biri bolıpta yesaplanadı.

Sol sebepli biziń bul jumısımızda usı máseleni azlı kópli sheshewge qaratılǵan. Jumıs sózsiz qaraqalpaq ádebiyatı muǵallimleri ushın metodikalıq qollanba boladı.

## PAYDALANǴAN ÁDEBİYaTLAR


1. İ.A.Karimov «Yuksak manaviyat yengilmas kuch» Toshkent — 2008 j.
2. K.Mámbetov, Z.Ayjanova, K.Palımbetov «Ádebiyat» 8-klaslar ushın sabaqlıq.
3. P.Allashov, Z.Ayjanova «Watan ádebiyatı», Nókis «Bilim» baspası 1992.
4. İlimiy toplam Nókis «Bilim» 2002.
5. A.Q.Pirniyazova «Qaraqalpaq tilin pedagogikalıq texnologiya tiykarında woqıtıw» Nókis—22008.
6. Muǵallim h'ám úzliksiz bilimlendiriw (ilimiy metodikalıq jurnal) 2012j. 1,3-sanları.

7. K.Jázimbetov XIX ásir qaraqalpaq lirikasınıń janrlıq qásiyetleri h'ám rawajlanıw tariyxı. Bilim —2004.
8. K.Palımbetov, J.Pirniyazova, R.Berdimuratova «Ádebiyat woqıtıw metodikası» 8-klaslar ushın metodikalıq qollanba. Nókis 2004.
9. Wo.Alewov «Qaraqalpaqstanda tálim-tárbiyalıq woylardıń qáliplesiwi h'ám rawajlanıw». Bilim—1993.
10. N.Japaqov, K.Mámbetov, K.Sultanov, A.Karimov. Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı. Nókis 1983.
11. Á.Paxratdinov «Qaraqalpaq ádebiyatın woqıtıw metodikası». «Bilim» 2004.
12. Á.Paxratdinov «Pedtexnologiya tiykarları». Nókis—2009.
13. N.N.Azizxojaeva «Pedagogikalıq texnologiyalar h'ám pedagogikalıq sheberlik». Tashkent—2006.
14. Qaraqalpaq folklorı 7-tom "Alpamıs dástanı".
15. S.Qazaqbaev "Qaraqalpaq salt-dástúr jırları". Nókis 2012.
16. S.Qazaqbaev "Kórkem woqıw". Nókis 2012